ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№52 (24.958) ● 2026 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 30, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэм

Сом мелард 466-м щIигъу и уасэ

Минеральные Воды къалэм мы махуэхэм щокIуэкI Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэ-2026-р. Мэлыжьыхьым и 28-м къызэIуаха форумым хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зи пашэ ди лIыкIуэхэри. Псори зэхэту абы къэрихьэлIащ Урысейм и щIыналъэхэмрэ хамэ къэрал 30-мрэ щыщу цIыху мини 5-м щIигъу.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ Iэнатlэхэр зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ ирагъэкIуэкIыну Iуэхухэм хэтыну, ди щIыналъэм инвестицэхэр къыхэзылъхьэну хуейхэм яIущIэну, зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIэну зэрамурадыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым КИФ-м утыку къыщрихьэнущ туризмэм, хьэщIагъэм, мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым, ухуэныгъэм, бжыгъэр зи лъабжьэ технологиехэм, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэми ятеухуа жэрдэмхэр. Зэхуэсышхуэм республикэм хуигъэхьэзыращ сом мелард 466,7-рэ и уасэ проект 14. Ахэр ягъэзащIэмэ, туризмэм и Iуэхущlапlэщlэхэр, нэгъуэщI лэжьапlэщlэхэр къызэlуахыну Iэмал яIэ хъунущ.

Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэбелджылыкIащ КИФ-2026-м Iэ зыщытрадзэну зэгурыIуэныгъэхэр щIыналъэм и социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным зэрыхуэщхьэпэнур.

БлэкIар. Мы зэманыр. КъэкIуэнур

Зэхуэсышхуэм и япэ лэжьэгъуэ махуэм республикэм и лIыкIуэхэр сессиехэм, Iуэху зэдэщIэным щытепсэлъыхь зэIущIэхэм хэтащ.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэр щIыналъэхэм я экономикэхэм зегъэужьыным, инвестицэхэр Iэнатlэхэм къыхегъэлъхьэным и щIыпIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Абы и мыгъэрей зэхуэсым и къыхуеджэныгъэщ «Инвестицэ гъуэгуанэр: БлэкIар. Мы зэманыр. КъэкIуэнур» жыхуиIэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и стендым щегъэлъагъуэ республикэм унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр.

ЛIыхъужьхэм зэрызыщIагъакъуэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и пашэу КИФ-м а махуэ дыдэм щызэхэтащ стIол хъурей мардэм ит, «Иджырей лIыхъужьхэр - къэкIуэну зэманым IэнатIэхэм пэрытынухэр» сессиер. А зэIущIэр теухуауэ щытащ дзэ Iуэху хэхам хэтахэр мамыр псэукIэм къыхэшэжыным, IэщIагъэщIэхэм хуегъэджэным хуэунэтIа Iэмалхэр къэлъыхъуэным.

Зэхыхьэм хэтхэр тепсэлъыхьащ СВО-м и ветеранхэм лэжьапIэ къахуэлъыхъуэнымрэ абыхэм IэщIагъэ егъэгъуэтынымрэ ехьэлIа Iуэхухэм, ахэр къэрал къулыкъущIапIэхэм гъэувынри хэту. Гулъытэ хэха хуащIащ дзэ къулыкъум щыIахэу хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ щылажьэхэр дэIыгъыным.

КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм и гугъу щищIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ди щIыналъэм зэращыдэIэпыкъу щIыкIэм:

- Ди къэралым и къэкIуэнур зыхъумэ ди лIыхъужьхэм защIэгъэкъуэныр къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къигъэуващ ди Президентым. Ди лIыхъужьхэм защIэгъэкъуэным хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и IуэхущIапIэ псори. СВО-м хэтахэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ унэтIыныгъэ 65-кIэ ядоIэпыкъури, 27-р щIыналъэ псоми щагъэзащIэ, 11 муниципалитетхэм я пщэ дэлъщ. Дэ а къалэнхэр гъэзэщIа зэрыхъур зэпымыууэ ди нэIэм щIэтщ, - къыхигъэщащ республикэм и унафэщIым.

ЗэрызыщIагъакъуэхэм ящыщщ хуэныкъуэхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтыныр, хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыныр. ШэщIауэ къагъэсэбэп республикэм и курорт комплексри. 2023 гъэм и фокIадэм щегъэжьауэ санаторэхэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэжащ балигъ 546-мрэ СВО-м хэтхэм я быну 479-мрэ.

«Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэм и лэжьакIуэхэм я нэIэ ятетщ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм, дзэ къулыкъум пэрыт дэтхэнэми, абыхэм я унагъуэхэми. ПщIэншэу юридическэ чэнджэщ ират, МФЦ-м абыхэм епха къудамэ щхьэхуэ къыщызэIуахащ, псантхуэ дэIэпыкъуныгъи ягъуэт. Мы зэманым ирихьэлIэу къудамэм щатхауэ ядолажьэ цIыху 3284-м, зэрызыкъыхуагъэза лъэIу мин 16,8-м щыщу мин 16,7-м теухуа унафэхэр къащтащ, къэнахэм хоплъэ.

СВО-м и ветеранхэр жыджэру хэтщ щIэблэр хэкупсэу гъэсэн Iуэхум.

Мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщщ IэнатIэ къагъуэтынымкIэ защIэгъэкъуэныр. КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ нобэм ирихьэлIэу дзэм къыхэкIыжа цIыху 428-рэ лэжьыгъэ IэнатIэхэм зэрыпэрыхьэжар. ЦIыхухэм IэнатIэ къахуэзыгъуэт центрхэм захуэзыгъэзахэм я Iуэхухэми гулъытэ хэха хуащI.

- ЦIыху 54-рэ унэтIыныгъэ псомкIи ирагъэджащ. ЦIыхуибгъум зыкъагъэлъэгъуащ муниципальнэ хэхыныгъэхэм хэтыну. Я псэ емыблэжу абыхэм Хэкур яхъумащ. Мамыр гъащIэм къыхыхьэжа нэужьи дэ абыхэм дащогугъ, апхуэдэ дыдэу жэуаплыныгъэ яхэлъу, я IэнатIэхэм пэрытыну, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ К. В.

Апхуэдэуи ар къытеувыIащ хьэрычэт IэнатIэми щIалэхэр зэрыдиIыгъыр, ауэ щIыналъэми абыхэм щхьэхуэу зэрадэIэпыкъу Iэмалхэр щыIэщ: «IэнатIэ уваууэ, ауэ цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуэныкъуэ ахъшэм хуэдизрэ ныкъуэрэ фIэкIа къимылэжьмэ, дэ щIыналъэ бюджетым къыхэкIыу МРОТ-м хуэдэу зы хущIыдогъу. ЩIалэхэм я щхьэ мыгъуагъэ хуамыхьыжын папщIэ. Ар дэIэпыкъуэгъушхуэщ абыхэм я дежкIэ».

Сессием къыщыпсэлъащ абы и хьэщIэ лъапIэхэу УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и къуэдзэ Владимиров Максим, КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр, къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я лIыкIуэхэр, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэр, дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэмрэ абы хэтхэмрэ.

Къэрал Медико-биологие агентствэмрэ Урысейпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтымрэ я IэщIагъэлIхэм, «ЛэжьакIуэхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, абдеж къыщыхалъхьащ дзэм хэтахэр мамыр псэукIэм хыхьэжыным, IэщIагъэ ягъуэтыным пыщIа жэрдэмхэр.

ЗэгурыIуэныгъэм Iэ традзэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэр яIущIащ Беларусь Республикэм и лIыкIуэу УФ-м щыIэ Селиверстов Юрийрэ абы и лэжьэгъухэмрэ.

«Ди щIыналъэхэр зэрызэдэлажьэм мыхьэнэшхуэ иIэщ Урысеймрэ Белоруссиемрэ я экономикэ зэпыщIэныгъэхэм заубгъунымкIэ. А хэкур Къэбэрдей-Балъкъэрым и сатущIэгъу нэхъыщхьэхэм ящыщщ. 2021 гъэм къыщыщIэдзауэ абыхэм етщэм и куэдагъыр хуэдитIым щIигъукIэ хэхъуащ, иужьрей илъэсипщIыр къапщтэмэ - хуэдиплIкIэ. ЛъэныкъуитIми ди фейдэ хэлъу Iуэху зэдыдощIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ирашри, а къэралым Iэрохьэ кабелхэр, налмэс Iэмэпсымэхэр, нартыху жылапхъэхэр, нэгъуэщIхэри. Беларусым къытхуеутIыпщ мэкъумэш техникэр, щэкIхэкIхэр, мэкъумэш IэнатIэм и продукцэхэр», - щыжиIащ КIуэкIуэ Казбек МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым.

ЗэIущIэм щыхэплъащ жылапхъэхэр гъэкIыным, мэкъумэш техникэм кIэлъыплъыным ехьэлIа инвестицэ проектхэм. Абы Iэ щытрадзащ Налшык къалэ округымрэ Минск къалэм и Партизан районымрэ зэныбжьэгъугъэ зэхущытыкIэ яIэным теухуа зэгурыIуэныгъэм. Абы къызэщIеубыдэ щэнхабзэ-егъэджэныгъэ унэтIыныгъэхэр, щIалэгъуалэ проектхэр, экономикэм щызэдэлэжьэныр.

Къэпщытэжыгъуэми зыгъэпсэхугъуэми дыхуэхьэзырщ

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым къуэдзэ Чернышенкэ Дмитрий иригъэкIуэкIа зэIущIэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеоконференц IэмалкIэ хэтащ. Ар теухуат сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэм зэрызыхуагъэхьэзырым, илъэсым и кIэм ирагъэкIуэкI хабзэ къэпщытэныгъэхэр зыхуэдэнум, егъэджэныгъэм епха IуэхущIапIэхэр зэраухуэм, зэрызэрахьэм.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Iэтащхьэм къыхигъэщащ республикэр сабий зыгъэпсэхупIэхэм я лэжьыгъэр зэтеухуэным и лъэныкъуэкIэ ипэкIэ зэрыкIуэтар. Дызэрыт илъэсым а Iуэхум хуэунэтIащ IуэхущIапIэ 57-рэ, ар ипэкIэ щыIахэм нэхърэ нэхъыбэщ. Школхэм къедзауэ, махуэкIэ лажьэ лагерь 42-рэ, IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм епхауэ 15 мэхъу ахэр. Иужьрейхэм хеубыдэ Iуащхьэмахуэ районым щыIэ бгыщхьэ лагери 6-р. Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэм хуаутIыпщ мылъкури нэхъыбэ хъуащ. Псори зэхэту ар сом мелуан 86-м щIегъу. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, республикэм мы гъэм сабий мини 9-м зыщагъэпсэхуну, я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъыну Iэмал яIэнущ.

КъинэмыщIауэ, «Антарес» центрым мы гъэм я зыгъэпсэхугъуэр щагъэкIуэнущ Херсон областым хыхьэ Голопристанскэ, Скадовскэ районхэм къикIа сабийхэм. КъБКъУ-м Iуащхьэмахуэ лъапэм щиIэ щIэныгъэ комплексым Донецк, Луганск областхэм щыщ цIыкIухэр щIагъэтIысхьэнущ. КъБР-м щыIэ МВД-м и къудамэмрэ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэмрэ къабгъэдэкIыуи, зыгъэпсэхугъуэ чэзу хэхахэр зэрагъэпэщынущ.

Республикэр илъэс къэпщытэжыгъуэми хуэхьэзырщ. Мы гъэм КъБР-м школыр къыщаухынущ ныбжьыщIэ мин 16,7-м. Абыхэм ящыщу Иужьрей илъэс къэпщытэжыгъуэр (ГИА) ятынущ сабий 5298-м. Къэпщытэныгъэхэр къызыхуэтыншэу зэрырагъэкIуэкIынум республикэр хуэхьэзырщ. Ар мы гъэм зэфIагъэкIынущ IэщIагъэлI мини 4-м.

Егъэджэныгъэм епха IуэхущIапIэхэм я инфраструктурэр къагъэщIэрэщIэж. Школ 54-р нэгъэсауэ зэрахьэнущ. Абыхэм ящыщу 43-р курыт еджапIэщ. Иужьрейхэм ящыщу 5-м илъэситIкIэ елэжьынухэщ. ЗэIузэпэщ ящIынухэм яхэтщ сабий IыгъыпIэу 6-рэ колледжу 5-рэ.

ЕГОРОВА Татьянэ:

Лъэпкъхэр мамыру, зэгурыIуэу, пщIэ зэхуащIу зэрыпсэур КъБР-м и зыужьыныгъэм и лъабжьэщ

Мы махуэхэм Санкт-Петербург щекIуэкIащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым щыIэ хабзэубзыхухэм я Советым и зэхыхьэ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI, УФ-м и хабзэубзыхухэм я Советым Социальнэ IуэхухэмкIэ, Дунейпсо зэдэлэжьэныгъэм хэлъ гугъуехьхэмкIэ и комиссэхэм хэт Егоровэ Татьянэ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 27-м, Урысей парламентаризмэм и махуэм, ди къэралым и Президент Путин Владимир яIущIащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и хабзэубзыхухэм я Советым хэтхэм.

УФ-м и Президентым жиIащ ди къэралым и парламентымрэ япэ депутатхэм я лэжьыгъэмрэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр, хэкупсагъэр, хабзэм тетыныр щынэхъапэ къэрал ухуэным ахэр зэпымыууэ зэрыхущIэкъуар.

Путин Владимир къыхигъэщащ Урысейм и щIыналъэ псоми къыщызэгъэпэща парламентхэм къэралым и зыужьыныгъэмкIэ къалэнышхуэ зэрагъэзащIэр. Абы хабзэубзыхухэм фIыщIэ яхуищIащ къэралым къыпэщыт Iуэхухэр зэгъэхъулIэным хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащIым папщIэ.

УФ-м и Президентым дыщIигъуащ лъэпкъ Iуэхухэмрэ пIалъэ кIыхьым тещIыхьа мурадхэмрэ къыщыгъэлъэгъуа къалэн нэхъыщхьэхэр ягъэзащIэн, бюджет кредитхэмкIэ щIыналъэхэм ятелъ щIыхуэр щапшыныжынур ягъэкIуэтэн, щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ щIэуэ къежьэм гъуэгу етын, УФ-м и щIыналъэхэм сыт и лъэныкъуэкIи заужьын щхьэкIэ хабзэр щIагъэбыдэн зэрыхуейр. Хэхыныгъэхэм хэтынухэм ар ехъуэхъуащ ехъулIэныгъэ къахудэкIуэну.

А махуэ дыдэм УФ-м и хабзэубзыхухэм я Советым и зэIущIэ зэхэтащ. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэ.

Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым депутатхэм гулъытэ щхьэхуэ зыхуащIхэм ящыщщ цIыхубэ зэкъуэтыныгъэр, лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэхэр гъэбыдэным ехьэлIа Iуэхухэр гъэзэщIэныр.

Хабзэубзыхухэм я Советым и зэIущIэм къыщыпсалъэм, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ жиIащ лъэпкъхэр мамыру, зэгурыIуэу, пщIэ зэхуащIу къызэрызэдекIуэкIыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэпIэзэрытыныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ я лъабжьэу сыт щыгъуи зэрыщытар.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

IэмалыфIхэр къызэрагъэпэщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Федеральнэ налог къулыкъущIапIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ Управленэм и унафэщI ГъукIэ Ахьмэд. КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ блэкIа илъэсымрэ дызэрытым и пщIэдзэмрэ IэнатIэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм, дяпэкIэ къыпэщылъ къалэнхэм.

ПСАЛЪЭМАКЪЫМ къызэрыхэщамкIэ, УФ-м и бюджетым КъБР-м икI мылъкуу халъхьар мэхъу сом мелард 55,4-рэ. Ар нэгъабэ и иджы хуэдэ лъэхъэнэм еплъытмэ, проценти 120,2-кIэ хуокIуэ. Федеральнэ бюджетым ягъэкIуащ сом меларди 10,7-рэ. Ари процент 48,9-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэрейм еплъытмэ.

КъБР-м и бюджет зэхэтым и гугъу пщIымэ, ари япэ иту гъэзэщIа мэхъу. Планым къыщыгъэлъэгъуар сом мелард 25,6-рэщ, атIэми зэхуэхьэса хъуащ мелард 26,4-рэ. Нэгъабэрейм еплъытмэ, хэхъуэхэр нэхъыбэ хъуащ сом меларди 3-м щIигъукIэ. А мылъку зэхэтым щыщу республикэ бюджетым кIуащ мелард 19,8-рэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, процент 12,5-кIэ нэхъыбэ. ЩIыпIэ бюджетым - сом меларди 6,6-рэ е процент 17-кIэ нэхъыбэ, нэгъабэрейм еплъытмэ.

Дызэрыт илъэсым щыщу блэкIа зэманми апхуэдэу хохъуэ бюджетым. Япэ мазищым бюджет зэхэтым хэхъуащ сом меларди 5,8-кIэ - процети 9,4-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэрейм еплъытмэ. Республикэ бюджетым хэхъуэу иIащ сом мелуан 361,2-рэ.

А псоми IэмалыфIхэр къат щIыналъэм щыщыIэ социальнэ Iуэхухэр тэмэму зэфIэха хъунымкIэ, экономикэ зэпIэзэрытыныгъэри абы хэту. Мыхьэнэшхуэ иIэщ а щытыкIэр нэхъри щIэгъэбыдэным, бюджетымкIэ щыIэ къалэнхэр и чэзум икIи къызыхуэтыншэу гъэзэщIэным.

ГущIэгъум и гъуэгур

Мэлыжьыхьым и 28-м Урысейм щагъэлъапIэ ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм и лэжьакIуэхэм я махуэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек а IэнатIэм и ветеранхэмрэ и лэжьакIуэхэмрэ хъуэхъукIэ захуигъэзащ:

- ЩIЫНАЛЪЭМ и медицинэм мыхьэнэшхуэ щызыгъэзащIэ IэнатIэм и ветеранхэмрэ и лэжьакIуэхэмрэ я махуэщIымкIэ сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сохъуэхъу!

Фи къалэныр нэсу вгъэзэщIэн папщIэ къаруушхуэ фиIэн, щIэныгъэ куу вбгъэдэлъын, жэуаплыныгъэ фхэлъын, псэемыблэжу фыщытын хуейщ. Фэ зэпымыууэ фрохьэлIэ цIыхум и гъащIэр къегъэлыным, узыншагъэр хъумэным хуэунэтIауэ псынщIэу унафэ тэмэм къыщыфщтэн хуей щытыкIэхэм. Зи узыншагъэкIэ щытыкIэ хьэлъэ ихуа цIыхум япэу дэIэпыкъуэгъу хуэхъур фэращ, фи Iэзагъэм и фIыгъэкIи сымаджэм тыншыгъуэ егъуэт, и гъащIэр къелынуи Iэмал иIэ мэхъу. Фэ къыхэфхащ гущIэгъум и гъуэгур, гузэвэгъуэ хэхуам дэIэпыкъуэгъу фыхуэхъуныр, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрахуэфщIэм и мызакъуэу, психологие дэIыпыкъуныгъи фи деж щагъуэт.

Си щхьэкIи республикэм щыпсэухэми къыдбгъэдэкIыу фи псэемыблэж лэжьыгъэм, къыхэфха Iуэхумрэ фи къалэнымрэ фазэрыхуэпэжым папщIэ фIыщIэ ин фхузощI.

Щхьэхуэу къыхэзмыгъэщын схузэфIэкIынукъым ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм и IэщIагъэлIхэу ди щIалэхэр псэзэпылъхьэпIэм къырагъэлу дзэ Iуэху хэхам щыIэхэмрэ щIыналъэхэм я гъунапкъэхэм щылажьэхэмрэ. Махуэ къэс зефхьэ хахуагъэм дрогушхуэ.

Фи лэжьыгъэ гугъум махуэ тыншхэр нэхъыбэу къыхэхуэну, сымаджэхэм я арэзыныгъэ куэд къэвлэжьыну сынывохъуэхъу. Узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ, зэIузэпэщыгъэ фиIэну! - щыжеIэ щIыналъэм и Iэтащхьэм МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым къурилъхьа зэрызыхуагъэзэм.

Зы тхыгъи къыизмынэу соджэ

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох!

«Адыгэ псалъэ» газетыр фIыуэ зылъагъу, зы тхыгъэ кIапи къимыгъанэу щIэзыджыкIхэм, зэпымычу Iэ тезыдзэхэм ящыщщ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и щIэныгъэлI секретарь нэхъыщхьэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Щхьэгъэпсо Сэфарбий.

- АУШЫДЖЭР курыт еджапIэм сызэрыщIэсрэ адыгэ газетыр си гъащIэм хэту къыздогъуэгурыкIуэ. Абы щыгъуэ и фIэщыгъэр «Ленин гъуэгут». А лъэхъэнэм къыдэкIауэ, газету схуэхъумар нобэр къыздэсым ди унэм илъщ.

Къапщтэмэ, нобэрей газетым сигу нэхъ ирихьу хэлъыр и зэхэлъыкIэрщ: хъыбарыщIэхэр, экономикэр, спортыр, политикэр, жылагъуэ Iуэхухэр дахэу, гъэхуауэ къыщыгъэлъэгъуащ. Ди цIыху цIэрыIуэхэм я тхыгъэ щхьэпэхэри щIэх-щIэхыурэ газетым къызэрытрадзэр гуапэ мыхъуу къанэркъым. Ахэр теухуащ щэнхабзэм, бзэм, гъэсэныгъэм, тхыдэм. СызэригугъэмкIэ, къытщIэхъуэ щIэблэм я дежкIэ щIэнгъуазэ уасэншэщ ар. Адыгэ газетыр апхуэдэу купщIафIэу зэрыщытым уегъэгуфIэ, уегъэгушхуэ, уи щхьэр лъагэу уегъэIэт.

Си гуапэу щIызоджыкI газетыр, и зы кIапи къэзмыгъанэу. Сэ, сыбиологщи, щIыуэпсым теухуа тхыгъэхэм сащогуфIыкI, сфIэгъэщIэгъуэн дыдэуи соджэ. ИкIи си гугъэщ апхуэдэ тхыгъэхэр нэхъыбэу газетым къытехуэмэ, щхьэпэ хъуну.

СфIэгъэщIэгъуэным и закъуэкъым, си лэжьыгъэмкIи къызогъэсэбэп «Адыгэ псалъэм» къисх щIэныгъэр. Псом хуэмыдэу сигу ирохь Гугъуэт Заремэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Фырэ Анфисэ, Табыщ Мурат, Жыласэ Маритэ, ТекIужь Заретэ, Истэпан Залинэ сымэ я IэдакъэщIэкI купщIафIэхэр.

«Адыгэ псалъэ» газетыр адыгэ унагъуэ къэс илъыпхъэу къызолъытэ. Абы къытехуэ «ЦIыкIураш», «Махуэку», «Малъхъэдис» напэкIуэцIхэм цIыкIуи ини зэрыщыгуфIыкIым шэч къытесхьэркъым. Ахэр ди бзэмрэ щэнхабзэрэ зэрахъумэ Iэмалхэм ящыщ зыщ, - жеIэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий.

ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.

Сурэтыр тезыхар **Къарей Элинэщ.**

Лъэпкъхэр мамыру, зэгурыІуэу, пщІэ зэхуащІу зэрыпсэур КъБР-м и зыужьыныгъэм и лъабжьэщ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

- Республикэм лъэпкъ 80-м щІигъум щыщхэр щопсэу. Нэхъыбэр адыгэ, балъкъэр, урыс лъэпкъхэращ. Жылагъуэм и псэукІэр щыдухуэкІэ, тегъэщІапІэ дощІ лъэпкъхэр я щэнхабзэкІэ зэрызэпэгъунэгъур, абыхэм я зэхуэдэ тхыдэр, лъэпкъхэм я хабзэхэм, щэнхабзэм, анэдэлъхубзэм пщІэ хуэщІыныр. А лъапІэныгъэ купщІафІэхэр щыгъэбыдащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэмрэ абы ехьэлІа республикэ законхэмрэ, - къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым жиІащ ІэнатІэхэм зэпэшэчауэ гъэувыным республикэм гулъытэ хэха зэрыщыхуащІыр. Псалъэм папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъ нэхъыщхьэхэм щыщхэр я бжыгъэкІэ зэхуэдэу къэрал къулыкъухэм пэрытщ. КъищынэмыщІауэ, КъБР-м и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ комитет къыщызэгъэпэщащ, щІыналъэр зей лъэпкъищым къабгъэдэкІ депутатхэр хэту. Комитетыр зэрыщыІэм Іэмал къарет лъэпкъ псоми я сэбэп зыхэлъхэр зэкІэлъыгъэкІуауэ республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм къыззеригъэпэщыну.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащІэ Іуэхухэм я лъабжьэр лъэпкъхэм я хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэщ. Абы и щапхъэщ пасэрей кавказ хабзэхэм тещІыхьа «Зэныбжьэгъугъэ» Іуэхур. Абы ипкъ иткІэ, ныбжьыщІэхэр нэгъуэщІ лъэпкъхэм щыщ я ныбжьэгъухэм я унагъуэхэм кІуэурэ пІалъэкІэ щопсэу. Нэрылъагъу хъуащ а Іуэхум и фІагъыр, икІи тфІэкъабылт абы хуэдэу щІыналъэм нэхъ къехъулІэхэр псори щызэхуэхьэса бжыгъэ платформэ къызэгъэпэщыныр, - къыхигъэщащ Егоровэм.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым дыщІигъуащ лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм ядэлэжьэнми мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Гулъытэ хэха зыхуащІхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я бзэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ. Иужьрей илъэсиплІым и закъуэ анэдэлъхубзэхэмкІэ зэреджэ тхылъ мин 345-м щІигъу къыдагъэкІащ.

- Республикэм дин нэхъыщхьэу тІу щаІыгъщ - ислъамымрэ чыристанымрэ. ТІури хъарзынэу зэдогъуэгурыкІуэ, къэрал ІуэхущІапІэхэм ядолажьэ, - пищащ Егоровэм. - Къэбгъэлъагъуэмэ, дунейпсо Хъуромэ егъэджэныгъэхэм теухуауэ илъэс къэс Парламентым щедгъэкІуэкІ зэІущІэхэм къыхохьэ чыристанхэм я мызакъуэу, нэгъуэщІ дин зыІыгъхэри, щІыналъэ унафэщІхэри, жылагъуэ лэжьакІуэхэри, щІэныгъэлІхэри. Ар куэдкІэ сэбэп мэхъу жылагъуэр адэкІи зэкъуэувэным. Иужьрей илъэсхэм хэпщІыкІыу щІагъэхуэбжьащ цІыхур къэзыгъэщІам, и къалэнымрэ мыхьэнэмрэ ехьэлІауэ щІэныгъэ егъэгъуэтыным. АбыкІэ къалэн хэха иІэщ ди республикэм къыщызэрагъэпэща Кавказ Ищхъэрэ Ислъам университетым. Дин Іуэхухэм къищынэмыщІа, нобэрей зэманым цІыхухэм ди щыІэкІэ-псэукІэр нэхъыщхьэу зыгъэбелджылы гупсысэр зэхуэдэным абы гулъытэ щыхуащІ. Шэч къытесхьэркъым Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым Кавказ Ищхъэрэми къэралым и нэгъуэщІ щІыналъэхэми ди зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ аргуэру зэ щыхьэт дызэрытехъуэфынум.

УФ-м и хабзэубзыхухэм я Советым и зэІущІэхэм хыхьэу ирагъэкІуэкІащ «Урысей къэрал тхыдэ архивым и дэфтэрхэм парламентаризмэм и тхыдэр къызэрыщыхьар. Урысейм Къэрал Думэр къызэрыщызэрагъэпэщрэ илъэси 120-рэ щрикъум ирихьэлІэу» гъэлъэгъуэныгъэр.

УФ-м и сенаторхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, щІыналъэхэм я хабзэубзыху зэхуэсхэм я лІыкІуэхэр хэту, УФ-м и хабзэубзыхухэм я Советым и комиссэхэм я зэІущІэхэр щекІуэкІащ Таврическэ уардэунэм. Социальнэ ІуэхухэмкІэ комиссэм и зэІущІэм щытепсэлъыхьащ къэралым и цІыху бжыгъэм къыхэхъуэнымрэ унагъуэхэм защІэгъэкъуэнымрэ епха лэжьыгъэхэр зэрагъэзащІэм, абыхэм ятеухуауэ щыІэ гугъуехьхэм.

А махуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Чуваш, Мурманск щІыналъэхэмрэ я хабзэубзыху ІуэхущІапІэхэм зэгурыІуэныгъэхэр зэращІылІащ.

Дэфтэрхэм Іэ щІадзащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ, Чуваш Республикэм и Къэрал Советым и УнафэщІ Черкесов Леонид, Мурманск щІыналъэм и Думэм и УнафэщІ Дубовой Сергей сымэ.

ЗэгурыІуэныгъэхэм ятеухуауэ Егоровэ Татьянэ жиІащ: «Нобэ Чуваш Республикэм и къэрал Советымрэ Мурманск щІыналъэм и Думэмрэ дазэрыдэлэжьэну зэгурыІуэныгъэхэм Іэ щІэддзащ. Псом япэу а дэфтэрхэр зытелэжьэнур ди щІыналъэхэм хабзэубзыху лэжьыгъэр адэкІи щегъэфІэкІуэнырщ. Апхуэдэуи Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдкІэ дызэдэлэжьэну ди мурадщ. Къэралым и ищхъэрэ-къухьэпІэ щІыналъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Мурманск. Абы и бдзэжьей гъэхъукІэр Урысейм и щІыналъэ псоми щафІэгъэщІэгъуэнщ. Чувашием, Къэбэрдей-Балъкъэрми хуэдэу, и экономикэм и ІэнатІэ нэхъыщхьэщ мэкъумэшыр. Абы теухуауэ дызэдэлэжьэныр щІэщхьэпэри аращ. Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ди щІыналъэхэм яку дэлъ тхыдэ-щэнхабзэ, хэкупсэ зэпыщІэныгъэхэр дгъэбыдэным мыхьэнэшхуэ иІэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адмирал Головко Арсений Григорий и къуэр Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм Ищхъэрэ флотым и унафэщІу щытащ. Абы и унафэм щІэту, флотыр хэтащ Мурманскрэ Совет Заполярье псомрэ хъумэным. Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжхэм щыщщ республикэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэр, хабзэр, бзэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ. Абы и лъэныкъуэкІэ Чувашием хузэфІэкІхэр къэтщІэну тфІэщІэщыгъуэщ. Шэч къытесхьэркъым, нэгъуэщІ Іуэхухэми ехьэлІауэ дызэдэлажьэмэ, ди цІыхухэм яфІ зыхэлъ куэд къызэрыдэкІуэнум».

Мурадхэр Іуэхукlэ щІагъэбыдэ

«Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу, республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и Президиумым и зэІущІэм щытепсэлъыхьащ «Къэралым и технологие зыужьыныгъэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэрэ» лъэпкъ Іуэхур Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэзащІэм.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ къаІэта Іуэхур УФ-м и Президентым «2030 гъэ пщІондэ УФ-м зегъэужьынымкІэ мурадхэмрэ 2036 гъэ хъуху къапэщылъымрэ теухуауэ» къыдигъэкІа унафэм къыщыгъэлъэгъуахэр зэгъэхъулІэным зэрыхуэунэтІар.

- Проектыр «Бжыгъэ экономикэ» лъэпкъ Іуэхум къыпызыщэщ. Ари сэбэп хуэхъуат ди экономикэм, цІыхухэм я псэукІэм зезыгъэужь ІэнатІэ нэхъыщхьэхэм бжыгъэхэр я лъабжьэ щІыным, къэралымрэ хьэрычэт Іуэхумрэ зэрызэдэлажьэр егъэфІэкІуэным, ИнтернеткІэ къызэгъэпэщыным, къэрал Іуэхутхьэбзэ куэд электроннэу цІыхухэм яІэрыгъэхьэным теухуауэ, - жиІащ Егоровэм.

Абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек КъБР-м и Парламентым илъэс къэс Зэрызыхуигъазэм къызэрыщыхигъэщар щІыналъэхэм бжыгъэм тещІыхьа экономикэм зэрызыщрагъэужьыр къыщапщытам республикэр увыпІэ 20-кІэ къызэрыдэкІуэтеяр.

- Ди мурадыр зыІэрыдгъэхьа лъагапІэр тІыгъын къудейракъым, атІэ къэухь Іэрыщ Іымрэ бжыгъэ технологиехэмрэ ятеухуауэ зыужьыныгъэшхуэ зыІэрыдгъэхьэнырщ, - пищащ къэпсэлъам. - Парламентым гулъытэ хэха хуещІ республикэм и бжыгъэ зыужьыныгъэм. Абы и лъэныкъуэкІэ къэпщытэныгъэхэр идогъэкІуэкІ, хабзэр идогъэфІакІуэ. «Бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэ» лэжьыгъэр гъэкІуэтэнымкІэ къалэнышхуэ ягъэзащІэ цІыхухэм къэрал Іуэхутхьэбзэхэр щыхуащІэ центрхэм. Абыхэм къэрал Іуэхутхьэбзэхэр электроннэу къыпІэрыхьэныр къызэрагъэпэщ, ИИ-р дэІэпыкъуэгъу ящІ, дэфтэрхэм зэрелэжь псынщІагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ хагъахъуэ.

Іуэхум теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ, зэпыщІэныгъэхэмрэ хъыбарегъащІэ ІэмалхэмкІэ и министр Бозий Аскэр.

«Къэралым и технологие зыужьыныгъэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэрэ» лъэпкъ Іуэхум ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыналъэ проектищ щагъэзащІэ: «Социальнэ ІэнатІэхэм я бжыгъэ платформэхэр», «Бжыгъэ къэрал управленэ», «Ди къэралым и унафэхэр».

Япэр хуэунэтІащ Іуэхутхьэбзэхэр электроннэу зэрыхуащІэм и фІагъыр егъэфІэкІуэным елэжьыным, цІыхухэм зэрадэлажьэ бжыгъэ Іэмалхэм зегъэужьыным, лъэпощхьэпохэр гъэкІуэдыным.

«Бжыгъэ къэрал управленэ» Іуэхум ипкъ иткІэ, цІыхухэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэраІэрагъэхьэ щІыкІэр ирагъэфІакІуэ.

«Ди къэралым и унафэхэр» хуэгъэпсащ къэралым технологие лъагэхэр, зыми емылъытауэ, зригъэхъулІэным.

ЗэІущІэм хэтахэр едэІуащ министерствэм иригъэкІуэкІ Іуэхухэм, цІыхухэм зыкъыщыхуагъазэ платформэм и лэжьыгъэм, хъыбарегъащІэ шынагъуэншагъэм, нэгъуэщІхэми.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэнымкІэ Къалэн куэд щагъэзащІэ центрым и унафэщІ АфІэунэ Аслъэн. Ар тепсэлъыхьащ ІэнатІэм зэрызиужьым, я Іуэхутхьэбзэхэр цІыхухэм зэрыІэрагъэхьэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ 2025 гъэм центрым Іуэхутхьэбзэ мин 884-м нэблагъэ цІыхухэм зэрахуищІар. Къэрал къалэныр блэкІа илъэсым проценти 114-м щІигъукІэ игъэзэщІащ центрым.

Къыхагъэщащ КъБР-м и МФЦ-мрэ цІыхухэмрэ технологие лъагэ ІэмэпсымэхэмкІэ зэпащІэну зэрамурадыр. Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ цІыхум и дэфтэрхэр электроннэу щахъумэ бжыгъэ ID-сервисыр зэтраухуэныр. Абы и фІыгъэкІэ, цІыхум етІуанэу ІуэхущІапІэм щытригъазэкІэ, тхылъымпІэкІэ дэфтэрхэр имыхьми хъунущ. КъищынэмыщІауэ, МФЦ-м зэрызыхуагъазэ лъэІухэр MAX мессенджерымкІэ ирагъэхь хъууэ къызэгъэпэщыным йолэжь.

Егоровэ Татьянэ жиІащ иджыблагъэ КъБР-м и Іэтащхьэм и деж Къэухь ІэрыщІ технологиехэм зегъэужьыным, гъащІэм хэпщэным теухуауэ Комиссэ къызэрыщызэрагъэпэщар. Ар щІэупщІащ сыт хуэдэ унэтІыныгъэхэр япэ игъэщыпхъэу къилъытэми.

Бозий Аскэр апхуэдэу плІы къигъэлъэгъуащ: медицинэр, егъэджэныгъэр, шынагъуэншагъэр, къэрал ІуэхущІапІэхэм я лэжьыгъэр. Абы къыхигъэщащ бжыгъэ Іэмэпсымэ-щІэхэр къэгъэсэбэпыным республикэр зэрыхуэхьэзырыр.

КъБР-м и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІхэм яз, ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмкІэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я ІуэхухэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Безгодькэ Владимир къигъэлъэгъуащ кибершынагъуэншагъэм елэжьыным мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Абы зэІущІэм хэтхэм ягу къигъэкІыжащ гъэпцІагъэм пэщІэтынымкІэ хабзэубзыху Іуэху зыбжанэ къызэращтар, арщхьэкІэ цІыхухэр, псом хуэмыдэу нэхъыжьхэр, абы щыхъумэным иджыри къару ирахьэлІэн зэрыхуейр.

КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш ІуэхухэмкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий бжыгъэ платформэхэр ягъэлэжьэн хуейуэ зэрыхуагъэувым и гугъу щищІым, абы егъэджакІуэхэм я лэжьыгъэр нэхъ хьэлъэ зэрищІыр къигъэлъэгъуащ. Депутатым къыхигъэщащ нобэ егъэджакІуэхэм тхылъымпІэ зэгъэзэхуэным зэманышхуэ зэрытрагъэкІуадэр: электрон дневникхэм елэжьыным къыщыщІэдзауэ ирагъэкІуэкІ дерсхэр зыхуэдэнур ятхын зэрыхуейм щыщІэкІыжу. Ар лъэІуащ егъэджакІуэхэм я къалэнхэр нэхъ тынш зэрыщащІыфыну Іэмалхэр ягъэбелджылыну.

Бозийм жиІащ дызэрыт илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрыр «Си еджапІэ» федеральнэ платформэр щылэжьэну щІыналъэхэм зэрыхагъэхьар. Абы бжьыхьэм елэжьын щІрагъэдзэнущ, икІи егъэджакІуэхэм я Іуэхур нэхъ тынш зэращищІынур етІанэгъэ нэрылъагъу къищІыну тращІыхь.

ЗэІущІэм хэтахэр тепсэлъыхьащ Налшык къалэн куэд щагъэзащІэ и центрхэм чэзухэр зэрыщагъэмащІэ Іэмалхэм, ІэщІагъэлІхэм я бжыгъэм зэрыхэщІым и щхьэусыгъуэхэм, нэгъуэщІхэми.

КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкІэ, транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу ІэнатІэмкІэ и комитетым и унафэщІ Къалмыкъ Марат къыхигъэщащ Іуэхур зи нэІэм щІэт министерствэмрэ МФЦ-мрэ я лэжьыгъэм республикэм и экономикэмрэ социальнэ ІэнатІэмрэ бжыгъэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьыным къалэнышхуэ зэрагъэзащІэр, ИИ-мрэ технологие лъагэхэмрэ ехьэлІауэ «Къэралым и технологие зыужьыныгъэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэ» лъэпкъ Іуэхур гъэзэщІа хъуным къагъэлъэгъуа Іуэхухэмрэ щхьэпэну къызэрилъытэр.

ЗэІущІэм щыжаІам теухуауэ КъБР-м и Парламентым и Президиумым унафэ къищтащ.

* * *

Президиумым и зэІущІэм депутатхэр щыхэплъащ мэкъумэш ІэнатІэм зегъэужьыным, бдзэжьей ещэным, псы хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэным, УФ-м административнэ хабзэхэр къызэпызыудхэмкІэ и Кодексым, УФ-м и ЩІы кодексым, нэгъуэщІхэми ехьэлІа федеральнэ законхэм я проектхэмрэ къэралым и щІыналъэхэм я хабзэубзыху ІуэхущІапІэхэм я жэрдэмхэмрэ.

Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтынымкІэ комитетым и унафэщІ Кривко Михаил и лэжьэгъухэр щигъэгъуэзащ «КъБР-м и зэзыгъэкІуж хеящІэхэм ятеухуауэ» республикэ законым теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Президиумым и чэнджэщхэр зэрагъэзащІэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.

2026 гъэм и щІышылэм - гъатхэпэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ индексыр процента 109,3-рэ хъуащ. Республикэм и экономикэ ІэнатІэхэм къагъэлъэгъуа зэфІэкІхэр зэпэщхьэхуэу къатщтэмэ: щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэр къыщІэхынымкІэ ІэнатІэм - процент 89,5-рэ, продукцэхэр къыщІэзыгъэкІхэм, абыхэм елэжь ІэнатІэхэм - проценти 107,9-рэ, электрокъарукІэ, газкІэ, хуабэкІэ къызэзыгъэпэщ, хьэуар зыгъэкъабзэ ІэнатІэхэм - процент 114,2-рэ, псы яхуэзыутІыпщхэм, къагъэсэбэпар Іузышхэм, кІэрыхубжьэрыхухэр зэщІэзыкъуэхэм, уэрамхэр, пщІантІэхэр зэлъыІузыххэм - проценти 122,8-рэ къагъэлъэгъуащ.

Къапщытэж пІалъэм къриубыдэу

КЪАПЩЫТЭЖ пІалъэм къриубыдэу нэкулъ лІэужьыгъуэхэм, гъэшым, крупам, маргариным, тхъуцІынэм, кхъуеймрэ кхъуейлъалъэмрэ, йогуртым, шхум, шатэм, Іусыпхъэм, ІэфІыкІэм, нарзаныпсым, псыІэфІым, зэрылажьэ щыгъыным, кІэстумым, щэкІхэкІым, пыІэм, лъэпэдым, унэлъащІэм ирахьэлІэ цІыкІуфэкІум, абдж птулъкІэм, гъущІым къыхэщІыкІа продукцэм, лэжьыгъэ Іэмэпсымэхэм, рентген аппаратхэм, унэлъащІэм, медицинэ Іэмэпсымэхэм я куэдагъым хагъэхъуащ. Электрокъарурэ хуабэу къалэжьари нэхъыбэщ.

Лым, пхъэщхьэмыщхьэхадэхэкІ консервым, сэхуран дагъэм, хьэжыгъэм, пыченэм, тепІэн-щІэлъыным, вакъэм, картоным къыхэщІыкІа ашычым, кислородым, пластмассэм, пластмассэм къыхэщІыкІа ашычхэмрэ коробкэхэмрэ, пластмассэм къыхэщІыкІа бжэщхьэгъубжэм, абдж банкІхэм, бетоным, асфальтбетон зэхэщІам, чырбышым, кабель продукцэм, автотранспортым ирахьэлІэ пкъыгъуэхэм кІэрыхуащ.

2026 гъэм и япэ мазищым къриубыдэу республикэм щаІэтащ псэупІэу 888-рэ, абы щыщу унагъуэхэм - 881-рэ. ФэтэрыщІэу псори зэхэту 1414-рэ яухуащ. ПсэупІэу яІэтар псори зэхэту метр зэбгъузэнатІэ мини 148,4-рэ хъуащ икІи нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм щыІа бжыгъэхэм нэхърэ процент 32,8-кІэ нэхъ мащІэщ ар. Абы щыщу унагъуэхэм ейр метр зэбгъузэнатІэу мини 116,3-рэ мэхъу. Ари процент 45,9-кІэ нэхъ мащІэщ 2025 гъэм и япэ мазищым яхузэфІэкІам нэхърэ. Фэтэр куэду зэхэт псэупІэхэр зыухуэ ІуэхущІапІэхэм яІэтам яубыдащ метр зэбгъузэнатІэу мин 32,1-рэ. Нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм ар зэрыхъуар метр зэбгъузэнатІэ мини 5,9-рэщ.

Къуажэ щІыпІэхэм щаухуащ псэупІэу псори зэхэту метр зэбгъузэнатІэ мин 78,4-рэ е 2025 гъэм и щІышылэм - гъатхэпэм щыІа бжыгъэхэм нэхърэ процент 45,5-кІэ нэхъ мащІэ.

Къапщытэж пІалъэм къриубыдэу мэкъумэш продукцэу къыщІагъэкІащ сом меларди 9,0 и уасэ е нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм щыІа бжыгъэхэм проценти 103,8-кІэ хуэкІуэу.

2026 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлІэу, нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм щыІа бжыгъэхэм егъэапщэмэ, мэкъумэш, фермер, уней ІуэхущІапІэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту Іэщрэ джэдкъазу яІыгъащ: Іэщышхуэу мин 273,5-рэ (2025 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлІэу - мин 280,1-рэ), абы щыщу жэму мини 141,7-рэ (мини 144,2-рэ), кхъуэуэ - мини 2 (мини 2), мэлрэ бжэну - мин 423,9-рэ (мин 447,3-рэ), джэдкъазу - мелуани 4,5-рэ (мелуани 4,4-рэ).

А пІалъэм къриубыдэу Іэщрэ джэдкъазу республикэм щаІыгъам щыщу Іэщышхуэм и процент 72,2-р, жэмым и процент 67,5-р, кхъуэм и процент 99,2-р, мэлымрэ бжэнымрэ я процент 47,2-р, джэдкъазым и процент 40,9-р унагъуэхэм ейщ.

Республикэм и мэкъумэш, фермер, уней ІуэхущІапІэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэгъусэу 2026 гъэм и щІышылэм - гъатхэпэм лырэ джэдкъазылу къалэжьащ (псэууэ шэчауэ) тонн мин 26,9-рэ. Нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм щыІа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 5,1-кІэ нэхъыбэщ ар. Гъэшу къашащ тонн мини 102,3-рэ (процент 1,6-кІэ нэхъыбэщ), джэдыкІэу кърахащ мелуан 46,0-рэ, (проценти 3,3-кІэ нэхъыбэщ).

Мэкъумэш, фермер, уней ІуэхущІапІэхэм гъэшымрэ джэдыкІэмрэ я куэдагъым хагъэхъуащ. ЖыпІэнурамэ, къапщытэж пІалъэм къриубыдэу зы жэмым хуэзэу гъэшу къыщІашар килограмм 1508-рэ хъуащ. Илъэс блэкІам и япэ мазищым щыІар килограмм 1483-рэщ. Зы джэдым хуэзэу джэдыкІэу кърахащ 51-рэ. 2025 гъэм и щІышылэм - гъатхэпэм ар зэрыхъуар 45-рэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Щапхъэ нэс

Бахъсэн щІыналъэ администрацэм и ЩІалэгъуалэ центрым щекІуэкІащ хэкупсэ унэтІыныгъэ зиІэ щІалэгъуалэ зэхыхьэ. Ар къызэрагъэпэщащ «Урыс щІэин» зэгухьэныгъэм, «Вера сильнее огня» Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ зэгухьэныгъэм, Урысейм и «Полк уахътыншэ» жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и щІыналъэ къудамэу КъБР-м щыІэм, СВО-м и волонтёрхэм я ассоциацэм. Зэхыхьэм кърихьэлІащ Бахъсэн районым и щІалэгъуалэ жыджэрхэмрэ егъэджэныгъэмрэ волонтёрствэмкІэ ІэщІагъэлІхэмрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ тхыдэ фэеплъыр хъума зэрыхъуну щІыкІэхэм, иджырей гуманитар къалэнхэр гъэзэщІэнымкІэ щІэблэм я пщэ къыдэхуэхэм.

Форумым щызэпкърахащ школакІуэхэм гуманитар къалэну зэфІагъэкІхэр. Къызэхуэсахэм жаІащ еджакІуэхэр волонтёр Іуэхухэм хэшэнымкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр зыхуэдэр. Зэхыхьэм и зы Іыхьэр хухахат «Тхыдэ фэеплъ» зи фІэщыгъэ арт-терапием, ахуэдэуи утыку кърахьащ егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэхэм хэкупсэ клубхэр къыщызэгъэпэщынымкІэ мастер-классхэр, СВО-м и лІыхъужьхэм ятеухуа лекцэхэр.

ЗэІущІэр иуха нэужь, Бахъсэн районым и щІалэгъуалэм СВО-м хэтхэм папщІэ зэхуахьэса гуманитар дэІэпыкъуныгъэр яутІыпщащ. Абы ирагъэшащ къабзагъэр къызэрызэрагъэпэщ, махуэ къэс къагъэсэбэп хьэпшыпхэр, куэдрэ зэІымыхьэ ерыскъыхэмрэ псырэ. Абы къегъэлъагъуэ щІыналъэм ис щІалэгъуалэм я граждан Іуэху еплъыкІэр зыхуэдэмрэ дзэ Іуэху хэхам хэту зи къалэн зыгъэзащІэхэм зыщІагъэкъуэну зэрыхуеймрэ.

Къызэгъэпэщакlуэхэм къыхагъэщащ хэкупсэ гъэсэныгъэмрэ волонтёр дэІэпыкъуныгъэмрэ я ІуэхукІэ щІалэгъуалэм купщІафІэу зэрадэлажьэр, апхуэдэуи школ жэрдэмхэмрэ волонтёр проектхэмрэ адэкІи зегъэубгъун зэрыхуейм и щапхъэ хъуащ зэхыхьэр.

ІЭРЫС Іэсият.

● КІэщІу

Къэрал гулъытэ

Къэрал дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм зыщІагъэкъуэн папщІэ социальнэ зэгурыІуэныгъэ зэрыращІылІэ хабзэр 2020 гъэм щегъэжьауэ мэлажьэ. Абы и къалэн нэхъыщхьэу щытыр щытыкІэ гугъум ихуа унагъуэхэм, цІыхухэм гулъытэ яхуэщІынырщ.

ЖЫПІЭНУРАМЭ, Къэбэрдей-Балъкъэрым а программэм ипкъ иткІэ социальнэ зэгурыІуэныгъэу 2720-рэ республикэм щызэращІылІащ, псори зэхэту сом мелуан 367-рэ хуэзэу.

Унагъуэхэм е цІыхухэм ахъшэу иратым и куэдагъыр зэлъытар ар къызэрагъэсэбэпыну щІыкІэхэрщ икІи сом мин 22-м къыщыщІэдзауэ сом мин 350-м ныззэрохьэс. Нэхъыбэ дыдэ зратыр я щхьэ хуэлэжьэжыну лэжьыгъэ ІэнатІэхэр къызэзыгъэпэщхэрщ. Апхуэдэуи, ахъшэр ягъэакІуэ хъунущ лэжьыгъэ къэгъуэтыным, уней ІуэхущІапІэ къызэІухыным, нэгъуэщІхэми хуэгъэпса Іуэхугъуэхэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ, цІыхур псэун щхьэкІэ нэхъ мащІэ дыдэу зы мазэм зрикъуну ахъшэм и куэдагъыу республикэм щагъэувам нэхърэ нэхъ мащІэ къызыхэхуэ унагъуэхэрщ е цІыхухэрщ ар зратыр.

Губгъуэ лэжьыгъэхэм щоужьэрэкІ

Къэбэрдей-Балъкъэрым губгъуэ лэжьыгъэхэр, зэрыжаІэу, махуэ къэс щыщІагъэхуабжьэ зэпытщ: гъавэ бэвым хуэгъэпсауэ щыІэ мэкъумэш пІалъэхэм тету жылэхэр хащІэ, къэкІыгъэхэм щыгъэпшэрхэр ират.

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, нобэкІэ, щІыгъэпшэрхэр халъхьащ бжьыхьэсэр зыхащІа гектар мин 61-м, абы щыщу гектар мин 55-м гуэдзщ хэтыр.

Республикэм и районхэм я губгъуэхэм гъатхасэми щоужьэрэкІ. НобэкІэ, ар щыхащІащ гектар мини 6,3-м, абы щыщу гектар мини 2,8-м - хьэр, гектар мин 1,2-м - джэш хъурейр, гектар мин 1,8-м - джэш хъурей къызэрыгуэкІыр. КІэртІофыр хащІащ гектар 360-м.

Мы гъэм гъатхэсэм гектар мин 214,2-рэ ирагъэубыдынущ, абы щыщу хьэцэпэцэмрэ джэш хъуреймрэ - гектар мини 152,3-рэ.

ЩЭУЕЙ Былэ.

Бгыщхьэм къыщызэІуах

Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Іуащхьэмахуэ» курортым хьэщІэщ къыщызэІуахащ, «Cosmos Эльбрус Липрус Лагерь» фІэщыгъэр иІэу. Ар зыхуэгъэпсар альпинистхэмрэ къуршхэм зыщызыгъэпсэху туристхэмрэщ. ХьэщІэщыр лэжьэнущ «Cosmos Hotel Group» компанием и нэІэ щІэту.

«УХУЭНЫГЪЭР бгыщхьэм тетщ, метр 3912-м хуэзэу, «Гарабаши» станцым пэгъунэгъуу. Ар зэІухауэ щытынущ альпинистхэм я лъэхъэнэм къриубыдэу - мэлыжьыхьым щегъэжьауэ фокІадэм нэсыху. Абы нэхъыбэу къыщызэтеувыІэнур альпинист ІэщІагъэр зи лэжьыгъэхэмрэ бгыщхьэхэм зыщагъэпсэхуныр зыфІэфІ туристхэмрэщ», - щыжаІащ компанием.

ХьэщІэщым и модульнэ пэшхэм хэтщ хьэкухэр, зыгъэпскІыпІэхэр, зытІэщІыпІэхэр, щхьэгъубжэшхуэхэр хэлъщ, къуршхэм хуиту уахэплъэн хуэдэу. ГъуэлъыпІэхэр псори зэхэту 34-рэ мэхъу. Апхуэдэуи, абы иІэщ кафе-шхапІэ, щыгъынхэр щагъэгъущыж пэш, интернетри къыщеубыд.

ХьэщІэщым ихъуреягъыр жэщкІэ къызэщІегъэнахуэ, шынагъуэншагъэм хуэщІа ІэмэпсымэхэмкІи къызэгъэпэщащ.

«Cosmos Hotel Group» компанием мыр и 47-нэ хьэщІэщщ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Дунейм щыхъыбархэр

Къагъэлъэгъуащ зэрыхэкупсэр

«Зыхъумэжыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ я ІэнатІэм къыщытпэщылъ къалэнхэр зэфІэхынымкІи, апхуэдэуи ди хэкум и зыужьыныгъэм ехьэлІа Іуэхухэр нэсу гъэзэщІэнымкІи шэсыпІэ нэхъыщхьэр урысей экономикэрщ», - щыжиІащ УФ-м и Президент Путин Владимир къэралым щекІуэкІыну хэхыныгъэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкІэ екІуэкІа зэІущІэм.

ПРЕЗИДЕНТЫМ къыхигъэщащ урысей экономикэр илъэс зыбжанэ хъуауэ къэрал щІыбымкІэ къикІ дэкъузэныгъэхэм зэрыхэтыр, апхуэдэу щытми, хьэрычэтыщІэхэм я нэхъыбэр я къару псори ирахьэлІэу зэрылажьэр икІи ІэнатІэм ехъулІэныгъэхэр зэрыщаІэр.

«Абыхэм къагъэлъэгъуащ зэрыхэкупсэр. Урысейм и зыужьыныгъэм я гуащІэ зэрыхалъхьэным хущІокъу, дзэ Іуэху хэхам щыІэ зауэлІхэм, абыхэм я унагъуэхэм дэІэпыкъуэгъу яхуохъу», - жиІащ къэрал УнафэщІым.

ХэщІыныгъэшхуэ къахуихьащ

США-мрэ Израилымрэ ІэщэкІэ Ираным зэреуам къэралым и промышленностым хэщІыныгъэшхуэ иритащ икІи абы ипкъ иткІи, лэжьапІэншэхэр нэхъыбэ хъункІэ шынагъуэ щыІэщ.

«ASSOCIATED Press» агентствэм къызэритамкІэ, абы щыгъуэм Ираным и завод мин бжыгъэхэр зэтракъутащ. Лей зытехьахэм ящыщщ хущхъуэ щащІ ІуэхущІапІэ нэхъ ин дыдэр, оптикэ, химие продукцэхэр, цемент, дзэхухэкІхэр къыщІэзыгъэкІ заводхэр. ХэщІыныгъэшхуэ ягъуэтащ жыр щагъэж, щІыдагъэм епхауэ лажьэ ІуэхущІапІэхэм. Абыхэм лэжьыгъэхэр къыщызэтрагъэувыІащ.

Агентствэм къызэригъэлъагъуэмкІэ, а зэпэщІэувэныгъэм и зэранкІэ республикэм лэжьапІэншагъэм зыщиубгъуащ, цІыху мелуанхэр ІэнатІэншэу къэнащ, кІуэ пэтми абыхэм къахэхъуэнущ. Экономистхэм зэрыжаІэмкІэ, цІыхухэм я ахъшэ гъэтІылъыгъэхэр тхьэмахуэ зыбжанэм къриубыдэу зэтекІынущ.

Мэлыжьыхьым и 30, *махуэку*

♦ **Джазым и дунейпсо махуэщ**

♦ **Урысейм и МафІэсгъэункІыфІхэм я махуэщ**

♦ **1949 гъэм** къалъхуащ биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Дзу Руслан**.

♦ **1953 гъэ**м къалъхуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **ЩоджэнцІыкІу Нинэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 19: 12-р хъыджэбз цІыкІущ, 7-р щІалэщ.

Дыгъуасэ - сабий 16: 3-р хъыджэбз цІыкІущ, 13-р щІалэщ.

Мэлыжьыхьым зэрыщІидзэрэ щІыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 673-рэ, илъэсым и пэщІэдзэм щегъэжьауэ 2977-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЦІыхугъэншэм удэпсэу нэхърэ цІыхугъэ зиІэм удэкІуэд.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Щэхушхуэ ехъумэ

ЩІэныгъэлІхэм Антарктидэмрэ Марсымрэ зэрагъэщхь, тІури зэхуэдэу щІыІэщи, Антарктидэм лышэ (кислород) нэхъыбэ щыІэщ жумыІэмэ. ЗэрызэщхьэщыкІыр зыщ - ищхъэрэ щІыналъэм цІыху щопсэу, Марсым щыІэкъым. Ауэ абы къикІыркъым, мылылъэ щІыналъэр зэрыщыту цІыхум иджауэ, абы теухуауэ псори ищІэу.

КИЛОМЕТР бжыгъэ зи Іувагъ мыл зытелъ щІыналъэм зэгуэр гъащІэ щыІами щымыІами, абы щэхуу ихъумэр зыхуэдизыр зыми имыщІэу къэгъуэгурыкІуащ иджыри къэс. ЦІыхум нэхъ иджар пащтыхь гуащэ Мэри и щІыналъэкІэ зэджэ щІыпІэрщ. Мис абдежым гъэщІэгъуэн куэд къыщахутащ щІэныгъэлІхэм.

Хьэршым траха сурэтхэр зэпиплъыхьурэ гъэщІэгъуэн гуэрхэр къэзыхутэ Скиппер Джозеф виртуальнэ археологщ. ЩыІэщ апхуэдэ ІэщІагъэ! АтІэ, Скиппер зэгуэр дихьэхат спутниккІэ Антарктидэм траха сурэтхэм. ИкІи абы къыщигъуэтащ гъуэмбышхуэ, «тепщэчышхуэ», гуэл. НобэкІэ абы и къэхутэныгъэхэр зыхуэзэхэр наІуэщ, хэт хуейми Гугл картэмкІэ къигъуэтыфынущ.

Скиппер зэрыжиІэмкІэ, Антарктидэм и мылхэр гъуанэпщІанэщ, къалэ псо щІы лъабжьэм щаухуауэ абыкІэ зыгуэрхэр щызэхэзекІуэм хуэдэу. Зи гугъу тщІа гъуэмбыр ихьэпІэщ, зэщІэщтхьа щІыпІэм, укъигъэуІэбжьыжу, псы тхІуаткІуэ щызожэ. Хэт нтІэ градус 90-м нэс щыщІыІэ щІыналъэм а зекІуапІэхэр щызыухуар?! Абы и жэуапыр ещанэ къэхутэныгъэм хэлъщ - «тепщэчышхуэм». Хэт ищІэрэ, ауэ археологым жеІэ ар хьэршым къикІа гуманоидхэм яухуауэ...

Апхуэдэ дыдэу я гугъэу къыщІэкІынут, нэмыцэхэми 1939 гъэм Антарктидэм зы мыл кІани имылъу щІыналъэ километр зэбгъузэнатІэ 40 къыщыщагъуэтам. Ар япэ дыдэу къэзыхута кхъухьлъатэзехуэм и цІэр фІащыжат оазисым - Ширмахер и щІыналъэ. ИужьыІуэкІэ абдежым щаухуащ Новолазаревскэ совет станцыр.

Нэмыцэхэр Антарктидэм джей щаукІ флотилие къыщызэрагъэпэщэну кІуауэ ягъэхъыбара щхьэкІэ, аратэкъым я мурадыр - мылылъэ щІыналъэм ихъумэ щэхухэр къатІэщІынырт зэгупсысыр. Щхьэ Антарктидэр къыхаха жыпІэмэ, нацистхэр Тибетым щыщыІам щыгъуэ къатІэщІат Ипщэ щІыналъэм гъэщІэгъуэн гуэрхэр зэрыщыІэри, абы кІэлъыкІуауэ арат. Зэрыхуагъэфащэмкlэ, зи гугъу ящІ телъыджэр - хьэршым къикІыу зэгуэр ЩІым щыІа гуманоидхэм я лъэужьт е а щІыналъэр лъэхъэнэ жыжьэм зэщІэгъагъэрэ гъащІэр къыщибыргъукІыу зэрыщытам и щыхьэтт.

Сытми, 1930 гъэхэм я кІэм нэмыцэ батискафхэм псы лъабжьэм щІэлъ мылхэр щІащыкІри, ищхьэІуэкІэ зи гугъу щытщІа гъуэмбым и ихьэпІэр къагъуэтащ икІи и кІуэцІым ихьащ. Щыхьэт техъуэн гуэри щыІэу зыми ищІэркъым, ауэ жаІэ нэмыцэхэм мыл кІуэцІым къалэ иращІыхьауэ. Шыпсэм зыгуэрурэ удекІуэкІынт, зыщхьэщыбгъэкІынт. Ауэ дэнэ пхыжын нобэр къыздэсым сурэтхэмрэ Гугл картэмрэ къиищ гъуэмбыр, «тепщэчыр», гуэлыр?

«Тепщэчыр» хьэршым къикІауэ зэрыхуагъэфащэм шэч хэлъу къыщІэкІынкъым, ЩІым апхуэдэ щыІэххэкъым икІи куэд щІауэ мылым хэщтыхьарэ быдэ дыдэу зэрыхэлъыр наІуэщ. ГъуанэпщІанэхэри, дуней псор хуабэ къызэрыгъэхъуу, мылхэм ткІужын зэрыщІадзам хуэпхьынщ. Гуэлыр къыздикІари аращ.

Иджыблагъэ британ щІэныгъэлІхэм Антарктидэм къыщахутащ мыл кІуэцІым псы уэрхэр щежэхыу, кхъуейм хуэдэу, гъуанэпщІанэ зэхащІыхьауэирижэу. Уеблэмэ ар дуней утыкум ирахьэри, «ЩІыуэпс» щІэныгъэ журналым къытехуащ.

Зэрытлъагъуущи, щхьэж и щІэныгъэ зыхурикъум нэсщ и фІэщ хъур. Ауэ иджы дыдэ ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, илъэс мелуан бжыгъэкІэ узэІэбэкІыжмэ, Антарктидэм мэз Іувхэр къыщыкІыу, псы уэрхэр щызежэу, псэущхьэхэр щыпсэууэ щытащ. Биологхэмрэ археологхэмрэ лэжьыгъэшхуэ къапэщылъщ: абыхэм къахутэн хуейщ Ипщэ щІыналъэр зытекІуэдэжа щІыуэпс насыпыншагъэр, ар къыщыхъуа лъэхъэнэр.

Зыми емыщхь къэкІыгъэ

Абыхэм къыхащІыкІ шэІумыл, чырбыш, ракетэр зэрылажьэ гъэсыныпхъэ, уеблэмэ илъэс мелуан бжыгъэкІэ узэІэбэкІыжмэ ЩІым и тепщэу щытар ахэрщ! Ауэ щыхъукІэ, сыт Іэгъэбэгухэр зищІысыр: псэущхьэ хьэмэрэ къэкІыгъэ?

ЩІЭНЫГЪЭР къызэрыунэхурэ, цІыхур къэзыухъуреихь псори къэкІыгъэрэ псэущхьэрэ жиІэу зэхидзу къэгъуэгурыкІуащ. ИужьыІуэкІэщ къызэрыгуэкІ налъэ щхьэхуэхэмрэ бактериехэмрэ зэрыщыІэр къыщищІар абы. Ауэ, къызэрыщІэкІымкІэ, щыІэщ иджыри зы лІэужьыгъуэ, псэущхьэхэми къэкІыгъэхэми ящымыщу, ауэ а тІуми я щытыкІэ зэхуэмыдэхэр яхэлъу - Іэгъэбэгухэр.

Іэгъэбэгум и щытыкІэхэмрэ зэрызэщхьэщидз лІэужьыгъуэхэмрэ иджыри 18-нэ лІэщІыгъуэм ящІэу щытами, ар къудамэ щхьэхуэу биологием идж щыхъуар 1970 гъэхэрщ. КъызэрыщІэкІамкІэ, абыхэм фотосинтез яхуэщІыртэкъым (углекислэ гъуэз зыщІашэу, кислород къаутІыпщу), сыту жыпІэмэ а Іуэхур зезыгъакІуэ хлорофилл япкърылътэкъым. ЩІэныгъэлІхэр абы нэхъ набдзэгубдзаплъэу кІэлъыплъа нэужь, къахутащ псэущхьэхэм хуэдэу Іэгъэбэгухэм я лъахъыцхэмкІэ щІыгулъым органикэ пкъыгъуэхэр къызэрыщІафыкІыр. Ауэ, гъэщІэгъуэнракъэ, псэущхьэхэр жьэкІэ шхэуэрэ, лъатэкІэ шхыныр зэрагъэткІум хуэдэкъым Іэгъэбэгум и шхэкІэр, атІэ, япэщІыкІэ щІым гын хаутІыпщхьэ, шхыныр ягъэткІури, къэкІыгъэм псыр зэрызыщІишэм хуэдэу, шхыныр щІым къыщІафыкІыжу аращ. Мыбдеж гурыІуэгъуэ мэхъу Іэгъэбэгухэр къэкІыгъэхэми псэущхьэхэми щІыхамыбжэр.

Иджыри зы гъэщІэгъуэн гуэр къахутащ биологхэм: Іэгъэбэгухэм, псэущхьэхэм хуэдэу, шха нэужь мочевинэ къапкърыкІырт икІи тхьэмщІыгъум и гъэтІылъыгъэхэм ящыщу гликоген (уэгъу, гъей къэхъумэ жиІэу, Іэпкълъэпкъыр тхьэмахуэ бжыгъэкІэ зэрыпсэуфыну, игъэтІылъ пкъыгъуэ) япкърылът.

АтІэ, псэущхьэхэм нэхъ екІуалІэмэ, щхьэ абыхэм хамыбжарэ?! Щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу щІэныгъэлІхэм къагъэлъэгъуар Іэгъэбэгухэр псэущхьэхэм хуэдэу зэрыземыкІуэфырщ. Къищынэмыщ Іауэ, псэущхьэхэр хэхъуэху балигъыпІэ иувэу, адэкІэ жьы хъун щІадзэмэ, Іэгъэбэгухэр игъащІэ псокІэ хохъуэ икІи зэи жьы хъуркъым, зэрытІэпІыкІыу, нэхъ иныж хъууэ зиубгъу мыхъумэ. Псалъэм папщІэ, 1980 гъэхэм США-м и Мичиган штатым къыщагъуэтауэ щытащ гектар 37-рэ зыубыда Іэгъэбэгу, илъэс мини 2,5-рэ и ныбжьыну!

Іэгъэбэгухэр щхьэхуэ зыщІу иджыри зы Іуэхугъуэ... Ахэр псори зы лІэужьыгъуэм хабжэми, Іэмал зэхуэмыдэхэмкІэщ зэрыбагъуэр: зыр адрейм къикІыкІыу; налъэхэм загуэшу; псэущхьэхэм хуэдэу, зэхъу-зэбзым я зэхуаку къыдэкІыу. Ар зэлъытэжар щІыуэпсым и фІагъымрэ дунейм и щытыкІэмрэщ.

Дунейм тетщ Іэгъэбэгу лІэужьыгъуэу мелуанрэ ныкъуэрэ. Абыхэм ди гъащІэм щагъэзащІэ мыхьэнэр апхуэдизкІэ инщи, къыпхуэмыхутэным хуэдэщ. Ахэр хэлъщ псыми, щІыми, щІы щхьэфэми. Іэгъэбэгухэм щІыр ягъэщабэ, ягъэпшэр, псэущхьэ куэдым я шхыныгъуэщ, лъатэмрэ кІэтІиймкІэ хущхъуэшхуэщ. ЦІыхум ар лъэпкъ шхыныгъуэхэм ящыщ зэрищІам къищынэмыщІауэ, тхьэвгъэтэджу къагъэсэбэп, фадэ зэмылІэужьыгъуэхэр ирагъэфІэІу, антибиотик, хущхъуэ зэхуэмыдэхэр къыхащІыкІ.

Іэгъэбэгу лІэужьыгъуэ 200 щыІэщ, хьэщхьэрыІуэхэм хабжэу. Абыхэм хъы ягъэуври, хьэмбылу къаубыдурэ яшх (ягъэткІуурэ). Языныкъуэхэм хьэмбылу гъунэгъу къащыхуэхъум деж хъы ядзри, къаубыд. Ауэ ахэр хьэщхьэрыІуэу къигъэщІауэ аракъым, атІэ зытет щІым и пшэрыр щІэкІа нэужь, замыгъэлІэн щхьэкІэ я псэущхьэ гупсысэкІэр «щІагъанэу» аращ.

Гиромитрин жыхуиІэр Іэгъэбэгу зэмылІэужьыгъуэхэм япкърытщ. Апхуэдэ Іэгъэбэгу цІыхум ишхмэ, и псантхуэри, тхьэмщІыгъури, лъатэри, кІэтІийхэри напІэзыпІэм зэтрикъутэнурэ, иукІынущ. Ауэ а гиромитриныр хьэршым ягъэлъатэ ракетэхэм гъэсыныпхъэу ирагъахъуэ.

Дэ Іэгъэбэгухэр зэрытлъагъум хуэдэу цІыкІу ди гугъэщ. Ауэ, абыхэм нэхърэ нэхъ псэущхьэ ин дунейм теткъым! Иджы дыдэ къахутащ опёнок жыхуаІэ Іэгъэбэгу, и лъэхъыцыр гектар 910-кІэ иутІыпщауэ, езым илъэс мини 8 и ныбжьу. Ауэ ахэри пщигъэгъупщэжыну Іэгъэбэгу абрагъуэхэр щыпсэуащ ЩІым, илъэс мелуан бжыгъэкІэ узэІэбэкІыжмэ. Тафэр иджыри зэщІимытхъыу, континенти 7-ри зыуэ щыщыта лъэхъэнэм зы жыг закъуи темыту, зэрыщыту жыглыцрэ Іэгъэбэгурэт, языныкъуэхэр метри 9-м нэсу лъагэу, зы метр я гъумагъыу.

НИУ ВШЭ-м иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэм кърикІуахэм япкъ иткІэ, ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэм я процент 35-м нэблагъэм зыпэрыт ІэнатІэм къыщамыгъэсэбэп «щІэныгъэ лей» яІэу къыщІэкІащ. Ар къытрадза нэужь, псори ирипсэлъэн щІадзащ. Иджы Іуэхур зыІутыр хэзыщІыкІхэм зэпкърах. Апхуэдэу Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор, профессор Альтуд Юрэ КъБКъУ-м и егъэджэныгъэ программэхэм я купщІэмрэ ар зэрекІуэкІ пІалъэр гъэмэщІэн хуей-хуэмеймрэ теухуа и гупсысэхэр утыку крихьащ.

ГъэмэщІэн хуейкъым

КЪЭХУТЭНЫГЪЭР ирагъэкІуэкІащ Урысейм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэмрэ Рострудымрэ, «ЕджапІэр къэзыухахэр лэжьапІэ гъэувыным кІэлъыплъын» программэм ипкъ иткІэ. Ахэр зыдэлэжьар бакалавриатым е специалитетым я программэхэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ 2021 - 2023 гъэхэм зэзыгъэгъуэта, магистратурэм е аспирантурэм зи еджэным щыпызымыща, зи ныбжьыр илъэс 18 - 29-м итхэрщ. «ЩІэныгъэ лейм» къэпщытакІуэхэм къррагъэкІыр лэжьакІуэр зыпэрыт ІэнатІэм е къулыкъум къыщимыгъэсэбэп щІэныгъэ иІэнырщ. Апхуэдэ щІэныгъэ нэхъыбэ ябгъэдэлъу къалъытащ хьэщІэщ гъэлэжьэнымрэ цІыхухэр гъэшхэнымрэ епха хьэрычэтыщІэ Іуэхухэм (процент 64-рэ), транспортым епха ІэнатІэ Іутхэм (процент 62-рэ), финансхэмрэ страхованэмрэ (процент 59-рэ), сатум (процент 55-рэ) хуеджахэм.

Зэрырагъаджэ пІалъэр бгъэмащІэ хъунымрэ мыхъунымрэ е егъэджэныгъэ дисциплинэхэр нэхъ мащІэ щІын хуеймрэ-хуэмеймрэ теухуауэ Альтуд Юрэ къыхигъэщхьэхукІащ апхуэдэ унафэр къемызэгъыу къызэрыпщыхъур. Абы къызэрилъытэмкІэ, къэзыухахэм я нэхъыбэм япэщІыкІэ зригъэгъуэта щІэныгъэ нэхъыщхьэр и кІэм нэс къыщимыгъэсэбэп лэжьыгъэ къыхихынкІэ мэхъу, хуэмурэ адэкІэ дэкІуэтеину, къулыкъу нэхъ лъагэхэм хуэкІуэну.

«КуэдкІэ нэхъ къозэгъ ІэщІагъэ щхьэхуэхэм упэрыхьэн папщІэ уи щІэныгъэ нэхъыщхьэм щыхьэт техъуэ диплом уиІэн зэрыхуэмейм утепсэлъыхьыну. Ауэ апхуэдэ ІэщІагъэхэр зыхуэдэр къэбгъэнэІуэн щхьэкІэ, псэукІэр кууэ зэпкърыпхын, ІэнатІэхэм зегъэужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр, лэжьапІэ зытхэм къагъэув мардэхэр къэпщытэн хуейуэ», - къыхигъэщащ ректорым.

Абы апхуэдэу гу лъаригъэтащ экономикэм и зыужьыкІэм къыздихь зэхъуэкІыныгъэхэми: нэхъапэм щІэныгъэшхуэ уимыІэми ущылажьэ хъууэ щыта ІэнатІэ куэдым нобэ захъуэжащ, зэфІэкІрэ щІэныгъэрэ зыбгъэдэлъ лэжьакІуэхэр пэрытын хуейуэ къагъэуву.

КъБКъУ-м и Іуэху еплъыкІэм лъабжьэ хуэхъу Іуэхугъуэ нэхъыщхьэр ехьэлІащ абы щрагъэгъуэт щІэныгъэм: «ЕджапІэм ІэщІагъэлІхэр ІэнатІэм хуигъэхьэзыр къудей мыхъуу, къэухьин, критикэ гупсысэкІэ зыбгъэдэлъ, лэжьыгъэ рынокым псынщІэу зызыхуэж и щытыкІэхэм хэзагъэ, лъэкІыныгъэ зиІэ цІыхухэр къыщІегъэкІ. Апхуэдэ Іуэхугъуэхэм хуэхьэзыр ІэщІагъэлІхэращ нэгъуэщІхэм япэ ищу, ІуэхущІапІэр, ІэнатІэр иригъэфІэкІуэну лэжьапІэ къащтэн хуейри», - жиІащ Альтуд Юрэ.

КъБКъУ-м и унафэщІым и Іуэху еплъыкІэм къегъэлъагъуэ академическэ ІэнатІэхэм я бгъэдыхьэкІэр: егъэджэныгъэ Іэмалхэр уемылІалІэу бгъэмащІэ нэхърэ нэхъыфІщ экономикэм къыщысэбэпын ІэщІагъэлІхэр зэрырагъаджэ программэщІэхэр гъэпсыныр, практикэунэтІыныгъэ зиІэ модулхэм зегъэужьыныр, профориентацэ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэныр.

ДАРИЙ Дахэнур.

Политик цІэрыІуэм и гупсысэхэр

Ди республикэм иджы япэу щекІуэкІащ «Жириновскэм и еджэныгъэхэр» Іуэхур. Ар теухуауэ щытащ урысей политик цІэрыІуэр къызэралъхурэ мэлыжьыхьым и 25-м илъэс 80 зэрырикъум. Зэхыхьэм щызэпкърахащ Жириновскэм и акъылым и жанагъыр, и гупсысэхэр здынэсыр, политикэм къыщыхъуну-къыщыщІэнухэри къищІэфу зэрыщытар.

ЛДПР-м и фракцэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щыІэм и унафэщІ Безгодькэ Владимир зэрыжиІамкІэ, «Жириновскэм и еджэныгъэхэр» зыхуэунэтІар Іуэху гугъухэр зэфІэхыным, къызэрымыкІуэ унафэхэр къыхэлъхьэным щымышынэу щыта цІыхум и нэкІэ политикэ иным хэплъэнырщ, бэр хэгъэгъуэзэнырщ.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ ЛДПР-р къызэзыгъэпэща политикышхуэм Урысеймрэ КъухьэпІэмрэ я зэхущытыкІэхэр зыхуэкІуэнур, КъуэкІыпІэ Гъунэгъум щыщыІэ щытыкІэр, геополитикэ унафэхэм къарикІуахэр ипэ иту къищІэфу, зэпкърихыфу зэрыщытам.

«Жириновский Владимир политик телъыджэт, цІыхубэр зригъэдэІуэфу. Псалъэ, гушыІэ гуащІэкІэ, гупсысэ шэрыуэкІэ гъэнщІа и къэпсэлъэныгъэхэр напІэзыпІэм зэбграхырти, псэлъафэ зырызу ирахьэжьэрт, политикэм пэжыжьэхэри къыдихьэхыу. Мыхьэнэшхуэ иІэщ абы, зэ еплъыгъуэкІэ зэщІэгъэстакІуэу къыпщыхъуу, къиІуатэу щыта гупсысэхэр иужькІэ гъащІэм щыщ Іыхьэ хъууэ зэрыщытар къыдгурыІуэну», - къыхигъэщащ Безгодькэ Владимир щІалэгъуалэм щепсалъэм.

Гулъытэ хэха хуащІащ Жириновский Владимир къэралым и къэкІуэнур зрипх щІалэгъуалэм сыт щыгъуи и нэІэ ятету зэрыщытам. 1999 гъэм абы Москва къыщызэригъэпэщащ Дунейпсо цивилизацэхэмкІэ институт, политикыр дунейм ехыжа нэужь, абы и цІэр фІащыжащ. Жириновскэр езыр студентхэм епсалъэрт, лекцэхэм къахуеджэрт, уеблэмэ, нэхъ зэчиифІэхэм Іэмал яритащ Къэрал Думэм лэжьыгъэм и пІалъэм зыщыхагъэгъуэзэну, апхуэдэ щІыкІэкІэ политикэ Іуэхум хишэу.

«Жириновский Владимир «щІэнгъуазэ щІэныгъэ» зыбгъэдэлъа политик жыжьаплъэт. Абы гъащІэм и лъэныкъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр иджырт, хъыбархэр, Іуэхугъуэхэр, щытыкІэр кууэ зэпкърихыфырт, унафэхэм кърикІуэнкІэ хъунур зэригъэзэхуэфырт», - дыщІигъуащ Безгодькэ.

ЛДПР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и пашэхэм я мурадщ Жириновский Владимир и гупсысэхэмрэ и Іуэху еплъыкІэхэмрэ республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэс студентхэм ирагъэщІэным теухуа лэжьыгъэм иджыри пащэну, абы и аналитикэ зэфІэкІхэр нобэрей политикэм и купщІэр щІалэгъуалэм къагурыІуэнымкІэ хэкІыпІэу къалъытэри.

ІЭРЫС Іэсят.

Сэхураным япэу пэрохьэ

Сэхураныр республикэм мы гъэм япэу хэсэн щыщІэзыдзар Тэрч районырщ. НобэкІэ абы и жылэхэр хагъэзэгъащ гектар 350-м. КъищынэмыщІауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, сэхураным гектар мин 15 ди щІыналъэм щыхухахын мурад щыІэщ.

МЫДРЕЙУЭ, Прохладнэ районым жыджэру щыхащІэ чэтэнымрэ (лён) рапсымрэ, куэд мыщІэуи, соем щІадзэнущ.

Бжьыхьэсэ рапсым гектар мини 6-м щІигъу районым щыхухахащ икІи абыхэм я щытыкІэм нобэ уатегузэвыхь хъунукъым.

Къэбгъэлъагъуэмэ, дагъэ къызыщІаху мэкъумэш къэкІыгъэу псори зэхэту тонн мин 76,5-рэ нэгъабэ кърахьэлІэжащ республикэм и мэкъумэшыщІэхэм икІи абы ипэ ита илъэсым щыІа бжыгъэхэм нэхърэ процент 20-кІэ нэхъыбэщ ар. Абы щыщу сэхурану зэщІакъуэжащ тонн мин 34,8-рэ. Ари хуэдэ 1,5-кІэ нэхъыбэщ 2024 гъэм яхузэфІэкІам нэхърэ.

Соеу кърахьэлІэжащ тонн мин 25,3-рэ, рапсу - тонн мин 11,7-рэ, чэтэну (жуныгуу) - тонн мини 3,6-рэ, горчицэу - тонн мин 1,1-рэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Мажьэм щхьэц дэлъмэ...

Бзылъхугъэхэр зыгъэгуауэщхьэуэхэм ящыщщ щхьэцыр икІыныр. Къапщтэмэ, дэтхэнэ цІыхуми и гъащІэм и кІыхьагъкІэ зэпымычу щхьэцыр къихум, абы и пІэкІэ щІэ къикІэжурэ къэщІэрэщІэжу щытыныр къигъэщІащ. Ауэ Іэрамэ-Іэрамэу къыхэлъэфымрэ мажьэм и дзэм жьэдэлъу къыхэбжьыкІ закъуэтІакъуэмрэ зыкъым. Мис абдежщ гузэвэгъуэр къыщыпкІэщІэзэрыхьыр. Аращи, фи щхьэцыр куэду икІыу гу лъыфтэмэ, псом япэ трихологым деж фыкІуэн хуейщ. Абы къиххутэнущ щхьэц икІым щхьэусыгъуэ хуэхъуар икІи ар игъэхъужынущ. Щхьэусыгъуэ хъункІэ хъунури куэдыщэщ.

Зэхэзехуэн хъуа гормонхэр

Бгъэхъужыну нэхъ хьэлъэ дыдэр гормонхэр зэтекІауэ, щхьэцым ар щефыкІым дежщ. Апхуэдэу мэхъу хъыджэбз цІыкІухэр балигъыпІэ щиувэ лъэхъэнэм, бзылъхугъэр щыуэндэгъум деж, и жьы хъугъуэм е гормон зыхэлъ хущхъуэ щефэкІэ. Пэжщ, щыІэщ бзылъхугъэ уэндэгъум и щхьэцри зэщІэцІууэжу Іув, и ІэбжьанэхэрИ быдэ, езыри нэхъ гуакІуэ щыхъу. Ари зэлъытэжар гормонхэрщ. Ауэ зэфІэкІа нэужь, алъандэрэ ихун хуейуэ имыхуа и щхьэцхэр зэуэ ищэщу, и Іэбжьанэхэр пІащІэ хъууэ, и дзэхэм щащэу щІадзэри, егъэгужьей, зыгуэр къыщыщІауэ къыщохъури. Мыбдеж гу лъытапхъэщ апхуэдэ щытыкІэр дохутырхэм къызэрыгуэкІыу къызэралъытэр, зэман дэкІмэ, псори зэрызэтеувэжынур.

Бзылъхугъэм и щхьэцыр щхьэусыгъуэншэу икІыу къыщыхъумэ, тестостерон жыхуиІэ гормоныр зыхуэдизыр къилъытэн папщІэ лъы итын хуейщ. Ар цІыхухъу гормонщ, бзылъхугъэм куэду пкърытмэ - и щхьэцыр иригъэкІынущ. КъищынэмыщІауэ, тестостероныр зэрылъагэм и щыхьэтщ бзылъхугъэм и мазэ Іуэхухэр зэтекІамэ, и нэкІур къищэщмэ, сабий имыгъашхэми быдзышэр къеблэмэ, уэндэгъу мыхъуфмэ икІи эндокринолог зыкІэлъигъэплъыпхъэщ.

Витаминхэмрэ минералхэмрэ

Іэпкълъэпкъым витаминхэмрэ минералхэмрэ хуримыкъумэ е абыхэм ящыщ чэммэ, цІыхубзыр къаруушэ, нэщхъеирилэ, гъыринэ мэхъу, и щхьэцри къоху. Псом нэхърэ нэхъ дызыхуэныкъуэр железэщ. Аращи, лъы тын хуей хъуамэ, япэ дыдэу зэплъыр аращ. Витаминхэр чэм щыхъур цІыхур тэмэму мышхэмэщ: диетэ зэмылІэужьыгъуэхэм тесмэ, шхэгъуэхэр дигъэхумэ, лыхэкІ, гъэшхэкІ, хьэцэпэцэ зэмылІэужьыгъуэхэр имышхмэ нэхъ уэд хъуну къыщыхъуу, и Іэнэм трихамэ. ЦІыхур къызыхэкІар щІыуэпсыр аращи, а щІыуэпсым шхыныгъуэу кърита псори ишхын хуейщ, витаминхэмрэ минералхэмрэ щымыщІэн щхьэкІэ. Абы щхьэц ихум и закъуэкъым, узыфэ зэмылІэужьыгъуэ Іэджи къыхокІ!

Фымыгузавэ

ЦІыхум гуныкъуэгъуэ гуэр иІэмэ, гузавэмэ, къэгубжьреймэ, ешмэ, къыщитхъмэ - Іэпкълъэпкъым ар зыхещІэ, зэран хуохъу щхьэцми. Ар гузэвэгъуэм къыхэкІа Іуэхугъуэмэ, цІыхум ар зэрыщхьэщыкІыу щхьэцри Іуву къытоувэж. Ауэ зэпымычу апхуэдэ щытыкІэ уизыгъэувэ лэжьапІэ уІутмэ, унагъуэкІэ гукъеуэ щыІэмэ е уи псэр гугъу езыгъэхь, гукъыдэжыншэу ущызыгъэт щытыкІэм уиубыдыпамэ, а псори къызэтезыгъэувыІэн дохутыр ухуэныкъуэщ, сымаджэ дыдэ ухъуну, уи щхьэцыр икІыпэну ухуэмеймэ.

КІуэцІ узхэр

ЦІыхур псэкІэ гугъу зэрехьым и закъуэ мыхъуу, ІэпкълъэпкъкІи уз зэхуэмыдэхэр къыщефыкІым деж абы и къарур щІихыурэ и щхьэцыр иригъэхункІи мэхъу. Псалъэм папщІэ, радиооблучение, химиотерапие, фошыгъу уз, лъы мащІэ, зэкІуэцІынэ, остеохондроз, поликистоз е къызэрыгуэкІ аллергие, нэгъуэщІхэри щхьэусыгъуэ хуэхъуфынущ.

Хущхъуэ зэхуэмыдэхэр

Мы къедбжэкІа узыфэ псори согъэхъуж жиІэурэ цІыхум зрихьэлІэ хущхъуэхэри нэхъ зэраныж щыхъу щыІэщ, щхьэцыншэу укъагъанэу. Апхуэдэ къэмыхъун папщІэ, хущхъуэхэм я гъусэу къакІуэ тхылъымпІэхэм феджэ, абы итщ ар зэран зэрыхъункІэ хъуну щІыкІэр. Е дохутырым фечэнджэщ. Апхуэдэ хущхъуэ гуащІэхэм ящыщщ грибокхэм, депрессием, лъы дэуейм, гепатитым зэребэнхэр, стероидхэр, узыгъэгъутхьэхэр, десэжауэ дэтхэнэ зыми куэду зетхьэ аспириныр.

Фыхуэсакъ

Зыщывмыгъэгъупщэ щхьэцым хуэсакъын зэрыхуейри: химиекІэ гъэунтІэрэзыным, лэным, фенкІэ гъэгъущыным, Іэмэпсымэ пщтырхэмкІэ щІэжьыкІын жыхуэфІэр щхьэцымкІэ зэранщ, егъэгъущ, и дахагъэри къарури щІехри, къерегъэху. Фи щхьэр зэрыфхущІ шампуныр набдзэгубдзаплъэу къыхэфх, мыбдеж «фІыр умыщІэмэ - лъапІэр къэщэху» жыхуиІэр чэнджэщыфІщ. Щхьэцыр быдэу яухуэныркъым, цІыхум и напІэр хишыжауэ якъузу зыщІакъуэркъым. Абы ар къызэрыригъэхум къищынэмыщІауэ, щхьэузи къыхокІ.

Лъыр тэмэму земыкІуэмэ

Щхьэц лъабжьэм лъыр тэмэму емыкІуалІэмэ, ныбаджэм икІуэдыкІам хуэдэу, щхьэцри холІыкІ. Апхуэдэ щытыкІэр къыхокІ кофе, фадэр куэду зэхьэлІэным.

Анэдэлъху уз

Щхьэц пІащІэмрэ ар къихунымрэ анэдэлъху узу зэфыкІ щыІэщ, нэгъуэщІ щхьэусыгъуэ зыри имыІэу. Апхуэдэ щытыкІэр илъэс 40-хэм деж нэхъри мэятэ.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, бзылъхугъэм и щхьэц икІым и щхьэусыгъуэр къэхутэныр Іуэхум и зэхуэдитІщ. АдэкІэ трихолог-эндокринологыр фи ІэпэгъуІщ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

● Пшыхьхэр

Хэку лъагъуныгъэр зэбэкI

Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым мэлыжьыхьым и 17-м пшыхь гуапэ щекIуэкIащ, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ къызэрагъэпэщауэ. Ар теухуат КъБР-ми КъШР-ми я цIыхубэ усакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ингушымрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, республикэм литературэмрэ гъуазджэмкIэ и Къэрал саугъэтым и лауреат Созаев Ахъмэт и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъуам.

ПШЫХЬЫМ зыкърагъэхьэлIащ усакIуэм и ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, и усэхэр фIыуэ зылъагъухэм, и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ. Театрым и пэIущIэ пэшым щагъэува дапхъэхэм телът усакIуэм и тхылъхэмрэ ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, унагъуэм и гъусэу зытригъэха сурэтхэмрэ.

- Хэку лъагъуныгъэр зэбэкIщ Ахъмэт и усэхэр. Узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ уиIэну дынохъуэхъу. Укъызыхэкlам ухуэфащэщ! - жаIащ пшыхьыр езыгъэкIуэкIхэм.

- Республикэм исхэм пщIэ зыхуэтщIхэм ящыщщ Созаев Ахъмэт. Зи махуэр зыгъэлъапIэ нэхъыжьыфIым дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэну, илъэс куэдкIэ и унагъуэм ящхьэщытыну, и лэжьыгъэхэр фIыуэ зылъагъухэр дигъэгуфIэну, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат. АдэкIэ ар къеджащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и хъуэхъу тхыгъэм. Абы итщ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым ис нэхъыжьыфI, журналист, литературэдж, цIыхубэ усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Созаев Ахъмэт къыщалъхуа махуэр ди щIыналъэм зэрыщагъэлъапIэр, республикэм и мызакъуэу, къэралым и дежкIи мыхьэнэ зиIэ Iуэхущ. Балъкъэр, урыс литературэхэм хуэпщIа хэлъхьэныгъэхэр къэлъытэгъуейщ. Уи IэдакъэщIэкIхэр щыхьэт тохъуэ ущалъхуа щIыпIэм гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ узэрыхуэлажьэм. Уи тхыгъэхэм гу къылъатащ Кулиев Къайсын, КIыщокъуэ Алим, Отаров Керим, Евтушенкэ Евгений сымэ, нэгъуэщIхэми. Ар усыгъэм зэфIэкI узэрыщиIэм и щапхъэщ. Уи усэхэм я фIагъыр тхылъеджэхэми къалъытащ. 1968 гъэм къыдэкIа «Вижу солнце» уи япэ усэ тхылъым щIэупщIэ ин иIащ. Республикэм и усакIуэ нэхъыфIхэм уазэрыщыщым укъызыхэкIа лъэпкъыр ирогушхуэ. Мечиев Кязим, Кулиев Къайсын, Отаров Керим сымэ я лэжьыгъэхэм зэрыпыпщэр уасэншэщ. Узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ уиIэу, литературэм адэкIи хэлъхьэныгъэ хуэпщIыну, гъащIэ кIыхь ухъуну дынохъуэхъу!

КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI, КъБР-м и цIыхубэ артист Текуев Амурбий игу къигъэкIыжащ и щIалэгъуэм Созаев Ахъмэт гуапэу къыIущIэу, чэнджэщ щхьэпэхэр къриту зэрыщытар. И ныбжьым емылъытауэ ар иджыри зэрыжыджэрымкIэ зэрыщапхъэр, и IэдакъэщIэкIхэм зэрыригушхуэр жиIа нэужь, усакIуэм и псалъэр цIыхубэм «хущхъуэгъуэ» яхуэхъуну, яхуэфIыну ехъуэхъури, КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иритащ.

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэ IуэрыIуатэмкIэ и секторым и щIэныгъэлI нэхъыщхьэ Гъут Iэдэм жиIащ Созаев Ахъмэтрэ абырэ илъэс куэд щIауэ зэрызэныбжьэгъур. Гъутым жиIащ сабийхэм я анэдэлъхубзэр, я Хэкур фIыуэ ялъагъунымкIэ Ахъмэт и усэхэр зэрыщхьэпэр, и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр зэрыцIэрыIуэр.

Созаев Ахъмэт и махуэмкIэ ехъуэхъуащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Гергоков Жамболэт, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымкIэ къэрал управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Хьэвжокъуэ Тимур, Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI Дау Марианнэ, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Ахметов Артур, КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Даловэ Дианэ, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Итий Ларисэ, республикэм и къалэ, къуажэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр.

Къэпсэлъахэр зи лIыкIуэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм я тхыгъэхэм къеджащ икIи къыхагъэщащ Созаев Ахъмэт и IэдакъэщIэкIхэм щIэупщIэ зэраIэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм я унафэщIу, КъБР-м и къэрал радиокомитетым редактор нэхъыщхьэу щыщытам къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зэрызикъигъэлъэгъуар, абы и фIыгъэкIэ тхылъ щэ бжыгъэхэр къызэрыдэкIар, и гъащIэмрэ гуащIэмрэ, и тхыгъэхэр щIэблэм зэращапхъэр.

Пшыхьым зыкърагъэхьэлIащ Созаевыр къыщалъхуа Белая Речкэ къуажэм и лIыкIуэхэм. Созаевхэ я лъэпкъым къыбгъэдэкIыу зэхыхьэр езыгъэкIуэкI Ильяс Ахъмэт ехъуэхъуащ, пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы къекIуэлIахэмрэ фIыщIэ яхуищIащ.

Созаев Ахъмэт и усэхэм къеджащ пшыхьыр езыгъэкIуэкIахэу Мизиев Аубэчыр, Созаев Ильяс, Джаппуев Марат, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист Хьэмырзэ Ахьмэд, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и артист Гогуев Арафат, Налшык и курыт еджапIэ №6-м и еджакIуэхэу Гъубжокъуэ Амалиерэ Долженкэ Юрэрэ, Глашев Алихъан сымэ. Республикэм и артистхэм ягъэзэщIащ усакIуэм и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр. Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэхэу Мусукаев Руслан, Занкешиев Марат, Саенкэ Евгение, Хъусин Анзоррэ Жабоевэ Замирэрэ, Атмурзаевэ Танзиля, Теппев Алим, Хуламханов Къайсын, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым, «Балкария» IуэрыIуатэ-этнографие ансамблым, «Терские казаки», «Арабеск» ансамблхэм, къафэмкIэ щапхъэу къалъыта «Амир» сабий ансамблым, нэгъуэщIхэми.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Нарт Сосрыкъуэ траухуэ

● ТхылъыщIэ

КъБКъУ-м и библиотекэм япэу утыку къыщрахьащ УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, егъэджакIуэ Мэржэхъу ФатIимэ къыдигъэкIа «Сказания о Сосруко» тхылъыр. ЗэIущIэм зыкърагъэхьэлIащ егъэджакIуэхэм, студентхэм, щэнхабзэм, литературэм я лэжьакIуэхэм.

ЗЭХЫХЬЭМ къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымкIэ литературэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Библиотекэм и унафэщI Гериевэ Аймани зэIущIэр къыщызэIуихым жиIащ нарт IуэрыIуатэр Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу - адыгэхэм, балъкъэрхэм, къэрэшейхэм, осетинхэм, шэшэнхэм, ингушхэм, дагъыстэнхэм, нэгъуэщI лъэпкъхэм я зэдайуэ, лIэщIыгъуэкIэрэ къакIуа тхыдэ, щэнхабзэ гъуэгуанэр къыхэщыжу зэрыщытыр икIи щIэблэр лIыхъужьыгъэм, Iущыгъэм, гущIэгъум, хабзэр хъумэным зэрыщIапIыкIыр.

- «Сказания о Сосруко» тхылъым хуэдэхэм къагъэлъагъуэ ди лъэпкъыр нэгъуэщIхэм къазэрыщхьэщыкIыр, дыкъызыхэкIам гъунэгъу дыхуещI икIи дигу къагъэкIыж Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр я щэнхабзэрэ гъэсэныгъэкIэрэ зыхуэдар. Мэржэхъу ФатIимэ фIыщIэ ин хузощI и тхылъ гъэлъэгъуэныгъэр ди библиотекэм зэрыщригъэкIуэкIым папщIэ. Мыбдеж щызэхуэсащ егъэджакIуэ IэщIагъэр къыхэзыхахэр. Псом хуэмыдэу абыхэм я дежкIэ лъапIэщ блэкIам зыщагъэгъуэзэныр, лъэпкъ Iущыгъэр щIэблэм я деж нахьэсыныр, - жиIащ Гериевэ Аймани.

Мэржэхъу ФатIимэ Бахъсэн къалэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и филологие факультетым хамэ къэралыбзэхэр джынымкIэ и къудамэр къиухауэ, Бахъсэн къалэм и курыт еджапIэ №3-м инджылызыбзэмкIэ щрегъаджэ. УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм, Кавказым и тхакIуэхэм я клубым хэтщ. И тхылъиплI дунейм къытехьащ (абы щыщу тIур нэгъуэщI тхакIуэм дитхащ). И IэдакъэщIэкIхэр республикэм къыщыдэкI литературэ журналхэм къытохуэ, инджылызыбзэрэ куржыбзэкIэ зэрадзэкIащ, «Антология поэзии» къыдэкIыгъуэм хагъэхьащ. Мэржэхъу ФатIимэ Дунейпсо Арткомитетым къыхуигъэфэщащ «Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ», «ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 120-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ» дыщэ медалхэр. КъинэмыщIауэ, дуней псом щыпсэу лъэпкъхэм я Еврazie ассамблеем, Къэзахъстаным и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм я щIыхь тхылъхэр, Кавказым и усакIуэхэм я фестивалым и лауреат зэрыхъуам щыхьэт техъуэ щIыхь тхылъыр къратащ.

ФатIимэ зэрыжиIэмкIэ, тхэным тезыгъэгушхуар Пушкин Александр и таурыхъхэрщ, иджырей унагъуэхэм я щIэблэм нарт IуэрыIуатэр усэ жыпхъэм иту саугъэт яхуищIынырщ.

- IуэрыIуатэм и лIыхъужьхэм я зэфIэкIыр усэ жыпхъэм тету къэсIуэтэжыну къалэн зыщысщIыжащ, мы тхылъым унагъуэр къеджэнымкIэ щхьэпэщи. ЛIэщIыгъуэ минхэр къызэзынэкIа, нэхъыжьхэм щIэину къытхуагъэна IуэрыIуатэрщ абы и лъабжьэр. УФ-м и Президент Путин Владимир Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу 2026 гъэр щигъэувам, унагъуэкIэрэ зэгъусэу тхылъ еджэныр яублэжыну къыщыхуриджам сытригъэгушхуэри, тхыгъэм и Iэрытхыр езгъэхьащ «Сказитель Руси» урысейпсо литературэ саугъэтым и зэпеуэм. УсакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэхэр зыхэт зэхьэзэхуэм сыпхыкIыну апхуэдэу сыщымыгугъами, си лэжьыгъэр нэхъыфIу къалъыта тхыгъихым хэхуащ. Ар сэркIэ лъэпкъ саугъэтыфIщ.

УсакIуэм фIыщIэ хуищIащ и тхылъыр сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ зыгъэдэха, Бахъсэн къалэм и курыт еджапIэ №8-м сурэт щIынымкIэ щезыгъаджэ художник КIыпший Розэ.

Мэржэхъу ФатIимэ студентхэм къахуеджащ и тхылъым щыщ пычыгъуэхэм икIи и къыдэкIыгъуэм щыщ КъБКъУ-м и библиотекэм тыгъэ хуищIащ.

Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ усакIуэм зэфIэкI зэриIэр, образ телъыджэхэр къызэригъэщIыр, и усэхэр ягу зэрыдыхьэр, и тхыгъэм къыхэщ лIыхъужьхэр щIэблэм зэращапхъэр, хэку лъагъуныгъэм зэрыщIапIыкIыр, и тхылъыщIэм жьыи щIэи зэрыдахьэхынур, ФатIимэ дяпэкIи ехъулIэныгъэхэр иIэну зэрагуапэр.

ФатIимэ и усэхэм къеджащ КъБКъУ-м и Социально-гуманитарнэ институтым (СГИ) «Къэбэрдей-шэрджэс филологие», «Къэрэшей-балъкъэр филологие» къудамэхэм щеджэхэу Балуев Мырзэбэч, Уэзрокъуэ Беллэ, Хъымбэзэр Данэ, Бгъэжьнокъуэ Кристинэ сымэ.

ЗэIущIэр щиухым, КъБКъУ-м и СГИ-м инджылызыбзэмкIэ и егъэджакIуэ нэхъыжь Борэн Мадинэ фIыщIэ яхуищIащ зэIущIэм зыкърезыгъэхьэлIахэмрэ къыщыпсэлъахэмрэ. Абы иджыри къытригъэзэжу жиIащ тхылъхэм гъэсэныгъэ мыхьэнэ зэраIэр, лъэпкъымрэ щIыналъэмрэ хуаIапхъэ лъагъуныгъэр къызэригъэушыр.

Тхыгъэри сурэтри **ТЕКIУЖЬ Заретэ** *ейщ.*

Тренер цIэрыIуэм и дерсхэр

Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием иджыблагъэ щыхьэщIащ 1980 гъэм и Олимп чемпион, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Гамбэ Эцио икIи ди къэралым и тренерхэм папщIэ дзюдомкIэ егъэджэныгъэ зэхуэс абы щригъэкIуэкIащ.

ТРЕНЕР цIэрыIуэм и лэжьыгъэм нэхъыбэу зытригъэщIар дзюдом и техникэм хуегъэджэнымкIэ щыIэ Iэмалхэр спортсмен ныбжьыщIэхэм я тренировкэхэм къыщыгъэсэбэпынырщ. Апхуэдэуи, зэхуэсым щызэпкърахащ гъэсэнхэм фэбжь ямыгъуэту ахэр зэхьэзэхуэхэм IэкIуэлъакIуэу зэрыхуагъэхьэзыр щIыкIэхэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, италиян бэнакIуэ Гамбэ Эцио УФ-м дзюдомкIэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэу илъэс 16-кIэ лэжьащ (2008 - 2024 гъэхэм). Абы и унафэм щIэту ди къэралым и командэ къыхэхам, ди тхыдэм щыяпэу, дыщэ медалу 3 Лондон къалэм щекIуэкIа Олимп джэгухэм къыщахьауэ щытащ. 2024 гъэм ар и къулыкъум текIащ, ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу нобэр къыздэсым ди спортсменхэмрэ тренерхэмрэ къадолажьэ, УФ-м и щIыналъэхэм дзюдомкIэ я федерацэхэм чэнджэщхэр ярет.

«Нобэрей зэIущIэм и къалэн нэхъыщхьэу щытыр илъэс 15 - 17 зи ныбжь спортсменхэм зыгъэсэныгъэхэм фэбжь щамыгъуэту уадэлэжьэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм тренерхэр хуегъэджэнырщ. Си командэм - Тау Хьэсэнбий, Мудрэн Беслъэн сымэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и нэгъуэщI щIалэхэм сыкърагъэблэгъауэ, дызэгъусэу долажьэ», - жеIэ Гамбэ Эцио.

ЗэIущIэм кърихьэлIа, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, Олимп джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат къыхигъэщащ, Кавказ Ищхъэрэм имызакъуэу, нобэрей егъэджэныгъэ зэхуэсым Урысей псом дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи Гамбэ Эцио удэлэжьэныр олимпиадэм хуагъэхьэзыр чемпионхэм я дежкIэ зэрынасыпышхуэр.

УФ-м ДзюдомкIэ и федерацэм и спорт директор Денисов Кирилл жеIэ: «Ди хъуреягъкIэ псори хъарзынэу къызэгъэпэщащ, тренировкэ щедгъэкIуэкI щIыпIэри дагъуэншэщ. Сэ куэдрэ сыщыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, ауэ чемпион нэсым и гъусэу зыбгъасэу мыбы ущыIэныр - ар нэгъуэщIщ. Гамбэ Эцио дигъащIэ, дигъэлъагъу Iэмалу хъуар лэжьыгъэм къыщыбгъэсэбэпын защIэщ икIи щхьэпэщ».

МахуитIым къриубыдэу Гамбэ Эцио тренерхэм ядэгуэшащ дзюдомкIэ щыIэ техникэхэм я щэхухэмкIэ, гу лъаригъэтащ зэлэжьыпхъэхэмрэ нэхъыбэу тренировкэхэм зытрагъэщIэну Iэмалхэмрэ, абыхэм ягъасэ спортсменхэр фэбжьхэм щыхъума хъун хуэдэу. Апхуэдэу къыщIэхъум, тренерхэм яIэщIэкI щыуагъэхэми щигъэгъуэзащ.

УФ-м и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь, Олимп джэгухэм ещанэ щыхъуа Тау Хьэсэнбий хьэщIэм теухуауэ жеIэ: «Гамбэ Эцио IэщIагъэлI нэсщ. Абы и гъусэу улэжьэныр сыт щыгъуи гъэщIэгъуэнщ икIи щIэщыгъуэщ. ЩIэмычэу уи щIэныгъэм хэбгъэхъуэн хуейщ: псори пщIэуэ, псоми ущыгъуазэу къыпщыхъу щыхъуам деж, адэкIэ зыужьыныгъэ уимыIэну аращ».

Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым дзюдомкIэ и школыр къэралым щынэхъ лъэщхэм зэрахыхьэр: мы егъэджэныгъэ зэхуэсым ипэкIэ УФ-м и командэ къыхэхам европей чемпионатым зыхуигъэхьэзыру ди деж щыIащ, УФ-м пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ зэхьэзэхуэ Налшык щекIуэкIа къудейщ, ди бэнакIуэхэм абыхэм екIуу зыкъыщагъэлъагъуэ.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.

● Футбол

Джылахъстэнейм къыщызэтрагъэувыIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм щыпашэр тхьэмахуэ кIуам Джылахъстэнейм щахъуэжащ. Иджыри къэс псори хэзыгъащIэурэ бжьыпэр зыIэрызыгъэхьауэ щыта Бабугент и «Логоваз»-р Тэрч Iуфэ къыщызэтрагъэувыIащ.

«ТЭРЧЫМРЭ» «Логоваз»-мрэ я зэIущIэм зэхигъэкIын хуейт пашэныгъэр хэт иджыпстукIэ нэхъ хуэфащэми. ТIури иджыри къэс я хьэрхуэрэгъу псоми ятекIуати, зыгуэрым хэщIыныгъэ игъуэтыну и чэзу хъуат.

Мыгъэрей зэпеуэм зэрыщIидзэрэ зы зэIущIэкIэ нэхъ мащIэ езыгъэкIуэкIа «Тэрчым» джэгур икъукIэ жыджэру иригъэжьащ. Бабугент къикIахэм абы и ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэр зэрызэтраIыгъэфар сыхьэт ныкъуэкIэщ. АдэкIэ Iэщын Аслъэн бжыгъэр къызэIуихри, хэгъэрейхэр япэ иригъэщауэ, загъэпсэхуну командэхэр икIащ.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэри тэрчдэсхэм я тепщэныгъэкIэ екIуэкIащ. Сэхъу Аслъэнрэ Къуэжей Азэмэтрэ къыхудагъэкIа топхэм «Логоваз»-м жэуапу яритыжыфар зы закъуэщ.

Арати, 3:1-уэ текIуэри «Тэрчым» зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ. Абы щыгъуэми и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэм елъытауэ зы зэIущIэкIэ нэхъ мащIэ зэрыригъэкIуэкIар хэплъхьэжмэ, джылахъстэнейхэм я лъэр быдэу япэ увыпIэм щытщ.

ЗэIущIитI зэкIэлъхьэужьым къызэрыхагъэщIам и губжьыр республикэм и чемпион цIэр зезыхьэ Алътуд и «Искра»-м трикъутащ мыгъэрей зэхьэзэхуэм псори къыщызэфIэкI «7 Вершин-Шалушка» командэм. «Черкес»-ми хуэдэу, щхьэлыкъуэдэсхэм зы очкои иджыри къэс къазэрыхуэмыхьащ икIи, дауи, турнир таблицэм и кIэух увыпIэм щытщ.

Зэхьэзэхуэм япэ текIуэныгъэр къыщихьащ Аргудан и «Бедик»-м. Шэджэм щыIэу абы бжыгъэшхуэкIэ хигъэщIащ щIыпIэ «Черкес»-р.

Топ хырых дагъэкIауэ гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щызэдаIыгъ «Ислъэмеймрэ» «Логоваз»-мрэ я пашэ Умар Азэмэтрэ Мокаев Тауланрэ. Пэжщ, иужь джэгугъуэм ахэр къыхэжаныкIыфакъым, я хьэрхуэрэгъухэм нэхъ гулъытэ къыхуащI икIи къыхагъэзыхь зэрыхъуам къыхэкIыу.

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**Черкес**» (Шэджэм) - «**Бедик**» (Аргудан) - **1:4**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Псыкуэд-Марвил**» (Псыкуэд) - **6:1**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Логоваз**» (Бабугент) - **3:1**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Яникой-1961**» (Яныкъуей) - **2:2**, «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - «**Искра**» (Алътуд) - **1:5**.

«Спартак-Д» (Налшык) - «Малка» (Малкэ) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

ДызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэхуэзэн хуейщ: накъыгъэм и 2-м - «Малка» - «Черкес»; накъыгъэм и 3-м - «Яникой-1961» - «Спартак-Д», «Искра» - «Ислъэмей», «Логоваз» - «7 Вершин-Шалушка», «Псыкуэд-Марвил» - «Тэрч», «Бедик» - «Урыху» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Тэрч»**	**3**	**3**	**0**	**0**	**11-3**	**9**
2.	**«Логоваз»**	**4**	**3**	**0**	**1**	**14-7**	**9**
3.	**«Спартак-Д»**	**3**	**2**	**1**	**0**	**14-4**	**7**
4.	«Яникой-1961»	3	2	1	0	9-5	7
5.	«Урыху»	4	2	0	2	13-10	6
6.	«Малка»	3	2	0	1	9-5	6
7.	«Искра»	4	2	0	2	13-8	6
8.	«Псыкуэд-Марвил»	4	2	0	2	8-16	6
9.	«Ислъэмей»	4	1	2	1	9-7	5
10.	«Бедик»	4	1	0	3	7-14	3
11.	«Черкес»	4	0	0	4	5-17	0
12.	**«7 Вершин-Шалушка»**	**4**	**0**	**0**	**4**	**4-20**	**0**

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.

БищIор Европэм щыещанэщ

Албанием и къалащхьэ Тиранэ къикIыу хъыбар гуапэ иджыблагъэ къытIэрыхьащ. Европэм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпионату абы щекIуэкIам УФ-м и командэ къыхэхам хэту щыбэна БищIо Тимур килограмм 74-рэ зи хьэлъагъхэм я деж ещанэ увыпIэр къыщихьащ.

ЯПЭЩIЫКIЭ ди щIалэр зэхьэзэхуэм щыхуэзащ Бельгием и ныпым щIэту зыкъэзыгъэлъагъуэ Велиев Ибрэхьим икIи зэIущIэм и бжыгъэр 11:0-у ар хигъэщIащ. АдэкIэ финалым и Iыхьэ плIанэм БищIом къыщыпэплъащ Словакием и спортсмен лъэщ, Европэм плIэнейрэ и чемпиону а дакъикъэм щыта (Албанием етхуанэр къыщихьащ), осетин щIалэ Салказанов Таймураз. Абыхэм я зэIущIэр гуащIэу екIуэкIащ, ауэ Тимур и хьэрхуэрэгъум къыхиха Iэмалым ар тригъэкIуащ: зэхьэзэхуэр и кIэм нэсыным зы дакъикъэ хуэдиз фIэкIа къэмынэжауэ Салказановым хузэфIэкIащ ди щIалэр утыкум къригъэкIын икIи апхуэдэ щIыкIэкIэ зэIущIэм и бжыгъэр 2:1-уэ ар текIуащ.

БищIом адэкIэ къыхуэнэжыр домбеякъ медалым щIэбэныныр, ауэ апхуэдэу ар къэхъун щхьэкIэ, абы къефIэкIа осетин щIалэр финалым икIын хуейт. Ди гуапэ зэрыхъущи, Салказановыр финалым кIуащ, БищIоми, зэрыжаIэу, Iэмал игъуэтащ илъ ищIэжыну.

Къыхэдгъэщынщи, мы щIалитIыр 2021 гъэм Норвегием и къалащхьэ Ослэ щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым щызэхуэзауэ щытащ. Абы щыгъуи, ахэр щызэIущIат финалым и Iыхьэ плIанэм. Нобэ хуэдэуи, Салказановыр текIуэри, иужькIэ етIуанэ абы щыхъуат, БищIом домбеякъ медаль къихьат.

Иджырей чемпионатымкIэ къэдгъэзэжынщи, домбеякъ медалым щхьэкIэ ди щIалэм къыпэщIэтащ Венгрием и бэнакIуэ Курамагомедов Мурад икIи зэпеуэм и бжыгъэр 2:1-уэ абы ар къыфIихьащ. Апхуэдэ щIыкIэкIи, европей чемпионатым ещанэ щыхъуащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, БищIо Тимур дунейпсо (2021 гъэм), Европэ (2019 гъэм) чемпионатхэм я домбеякъ медалхэр къихьащ, дуней псом и Кубокым щытекIуащ (2019 гъэм), Ярыгиным и Кубокыр 2026 гъэм къихьащ, Нарткъалэ щыщщ, и ныбжьыр илъэс 30 мэхъу. Ар и гъэсэнщ ЗэкIуий Арсен.

КЪУЭЖЕЙ Iэмин.



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтгехэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.250
Заказыр №873
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.).*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Ныр Саидэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.